

FLORIDA HEALTH
JUSTICE PROJECT

GID PRATIK POU DEFANSÈ:

EGZANSYON (WAIVER) MEDIKÈD Pou SWEN ALONTÈM Nan FLORID

6yèm Edisyon
2025

TAB MATYÈ

TABLE MATYÈ I

REMÈSIMAN III

SEKSYON EN: ENTWODIKSYON 1

POUKISA GID SA A? 1

OBJEKTIF GID LA 1

SEKSYON DE: KONTÈKS 2

KISA EGZANSYON (WAIVER) MEDIKÈD YE? 2

ISTWA AK ESTATI AKTYÈL EGZANSYON (WAIVER) SWEN ALONTÈM FLORID LA 3

SEKSYON TWA: APÈSI SOU EGZANSYON (WAIVER) A 5

DIFERAN AJANS YO 5

POPILASYON KI ELIJIB POU EGZANSYON (WAIVER) SWEN ALONTÈM (LTC) A 6

LÒT POPILASYON AK PWOGRAM SWEN NAN KOMINOTE A (HCBS) 7

WÒL PLAN SWEN JERE YO 7

SEKSYON KAT: KRITÈ ELIJIBILITE POU EGZANSYON (WAIVER) SWEN ALONTÈM (LTC WAIVER) 8

KRITÈ MEDIKAL 8

KRITÈ FINANSYE 8

SEKSYON SENK: KI JAN PWOSESIS APLIKASYON AN YE? 9

ETAP APLIKASYON AN 9

NOTIFIKASYON/AVI APRE EVALYASYON 13

SEKSYON SIS: KISA KI RIVE SI YO REFIZE OSWA RETADE APLIKASYON AN? 20

EVALYASYON INISYAL / KLASMAN DAPRE PRYORITE APRÈ YO RETIRE NON AN SOU LIS DATANT LA 20

SEKSYON SÈT : ENSKRIPSYON NAN PLAN AN 20

CHWAZI YON PLAN 20

SEKSYON UIT : CHANJE PLAN / DEZANWOLE 22

"MOTIF/REZON VALAB" 23

SEKSYON NÈF : PLANIFIKASYON SWEN 24

KONTAK INISYAL 24

PWOSESIS PLANIFIKASYON KI SANTRE SOU MOUN NAN 25

PLAN SWEN KI SANTRE SOU MOUN NAN 26

EVALYASYON SIPLEMANTÈ 27

WÒL JESYON KA A 28

REEVALYASYON 29

SÈVIS KI AKSE/ORYANTE SOU PATISIPAN AN 29

SEKSYON DIS: KI SÈVIS KI KOUVRI? 30

SEKSYON ONZ: KILÈ YO DWE BAY SÈVIS KI KOUVRI YO? 30
SEKSYON DOUZ: KI ESTANDA POU AKSÈ AK KONTINITE NAN KOUVÈTI SÈVIS YO? 33
ESTANDA POU AKSÈ AK SÈVIS NAN YON TAN REZONAB 33
SEKSYON TREZ: KISA KI RIVE SI YO REFIZE, RETADE, REDWI, OSWA KOUPE/ANILE SÈVIS YO? 36
DEPOZE YON PLENT BÒ KOTE AHCA 36
PLENT/GRIYÈF, APÈL, AK ODYANS OFISYÈL (FAIR HEARINGS) 37
KISA YON DESIZYON KI PA FAVORAB NAN DETÈMINASYON BENEFIS (ABD) YE? 39
Ki EGZIJANS KI GENYEN NAN ZAFÈ NOTIFIKASYON/AVI YO 40
ODYANS EKKITAB (FAIR HEARINGS) 42
SEKSYON KATÒZ: LÒT RESOUS POU DEFANSÈ / KONSOMATÈ 45
SEKSYON KENZ: REZIME SOU OTORITE KI KONSÈNE YO 46
ANÈKS 49
ANÈKS 1: ABREVIYASYON 50
ANÈKS 2: SÈVIS YO 51
ANÈKS 3: PLAN SWEN 52
ANÈKS 4: FÒM EVALYASYON SIPLEMANTÈ 61
ANÈKS 5: MODÈL POU SWIV POU NOTIFIKASYON YO 62
ANÈKS 6: EGZANP DEZIGNASYON YON REPREZANTAN OTORIZE POU YON ODYANS OFISYÈL BÒ KOTE MEDIKÈD 68

REMÈSIMAN

Novanm 2025 (6yèm Edisyon)

Remèsiman Mizajou:

Gid pou Defansè yo dwe pou yo mete ajou regilyèman, paske lwa yo chanje, règ yo chanje,Dokiman ekzansyon (waiver) yo met ajou, epi kontra swen jere yo modifye. Se poutèt sa, nou eksprime gwo rekonesans nou anvè **Fondasyon Borchard** la, ki gras ak sipò jenere li pou yon bous rechèch li te banmwen pandan de (2) ane, te rann piblikasyon 6yèm Edisyon sa a posib.

Nou remèsye tou tout moun ki te kontribye nan senk (5) premye edisyon Gid la. Pandan sèt (7) dènye ane yo, gid sa a te yon resous ki gen anpil valè pou defansè yo ansanm ak konsomatè yo sèvi yo, e li pa t ap kapab kreye ni kontinye egziste san angajman ak devouman tout moun ki te patisipe ladan l.

Pou 6yèm Edisyon sa a, nou vle remèsye pèsonèlman **Kassidy Caride**, yon etidyan an dwa, pou atansyon patikilyè li pote nan koreksyon tèks dokiman an ak verifikasyon sitasyon yo, ki te amelyore anpil presizyon gid la.

Nicole La Roque Florida Health Justice Project, Borchard Foundation Center on Law & Aging
Fellow 2024–2026

Jiyè 2022 (5yèm Edisyon)

Remèsiman Mizajou:

Gid pou defansè yo bezwen mete ajou regilyèman: lwa yochanje, règleman yo chanje, dokiman pou ekzansyon (waiver) yo met ajou, kontra swen jere yo modifye. Se poutèt sa,
nou trè rekonesan anvè Naomi Stanhaus ak RRF Foundation for Aging ki, gras ak sipò jenere yo, te rann li posib pou n mete Gid sa a ajou regilyèman.

Nou remèsye tou Alliance for Aging ak RRF Foundation for Aging pou sipò yo bay nan pwodiksyon yon videyo pou konsomatè ki baze sou Gid la.

Pou 5yèm edisyon Gid sa a, nou eksprime gwo rekonesans nou anvè Lara Kimmel ki te Pote anpil atansyon nan fè koreksyon ak nan verifye sitasyon yo avèk anpil presizyon; travay li te fè a te vrèman enpòtan anpil.

Miriam Harmatz, Direktris Defans Dwa epi Fondatris, Florida Health Justice Project
Melissa Lipnick, Florida Health Justice Project Equal Justice Works Fellow,
esponsorize pa Florida Bar Foundation

Janvye 2021 (4yèm Edisyon)

Remèsiman Mizajou:

Gid pou Defansè yo dwe pou yo mete l ajou regilyèman, paske lwa yo chanje, règleman yo chanje, dokiman ekzansyon (waiver) yo mete ajou, epi kontra swen jere yo modifye. Se poutèt sa, nou eksprime gwo rekonesans nou anvè Naomi Stanhaus ak RRF Foundation for Aging, ki gras ak sipò jenere yo, te rann mizajou regilye Gid sa a posib.

Anplis, kòmantè ak fidbak founisè sèvis yo ak konsomatè yo ede anrichi ak amelyore tout Gid la, enkli seksyon "Konsèy pou Defansè yo." Nou remèsye Alliance for Aging, Inc., Ajans Rejyonal pou Granmoun Aje Konte Miami-Dade ak Monroe a, ki gras ak sipò jenere yo, te pèmèt nou rankontre founisè sèvis kominotè k ap sèvi granmoun aje ki bezwen sèvis swen lakay yo. Nou remèsye anpil tou pèsonèl Alliance la pou tan yo ak ekspètiz yo. Ansanm ak founisè sèvis kominotè yo, ekspètiz yo ak eksperyans sou teren an te esansyèl pou fè Gid sa a vin yon zouti ki itil e enpòtan otank posib.

Nou remèsye anpil tou pèsonèl Florida Medicaid Agency ak Florida Department of Elder Affairs, ki te revize Gid la epi bay fidbak enpòtan. Antanke avoka, nou kapab bay analiz ak referans legal pou plizyè sous otorite ki gouvène ekzansyon (waiver) LTC (Pwogram Swen Alontèm) Florid la, men sa pa ranplase eksperyans yon moun vin genyen nan travay chak jou pou ede moun ki vilnerab oswa ki andikape jwenn sèvis yo bezwen pou yo ka ret lakay yo an sekirite. Nou remèsye anpil tou Alliance for Aging ak RRF Foundation for Aging pou sipò yo nan pwodiksyon yon videyo pou konsomatè yo ki baze sou Gid la.

Nou remèsye tou etidyan an dwa yo ki te ede anpil nan preparasyon 2yèm ak 3yèm edisyon Gid la: Timothy Loftus, Andrea Faverio, ak Brett Brummond.

Epi finalman, pou 4yèm edisyon Gid la, nou vrèman rekonesan anvè Jay Jefferson pou gwo travay li te fè nan kreye yon nouvo vèsyon pou entènèt; epi anvè Nancy Leichter pou tout atansyon li pote nan revize dokiman an; epi anvè Melissa Lipnick, ki te bay yon èd ki te vrèman san parèy ak esansyèl.

Miriam Harmatz
Direktè Egzekitif
Florida Health Justice Project

Remèsiman Orijinal, Out 2018 (1ye Edisyon)

Nou vle remèsye Nancy Wright, yon ekspè renome nan Florid nan domèn Waiver (Egzansyon) Medikèd pou Swen Alontèm Leta a, ansanm ak Eric Carlson, Avoka Direktè nan Justice in Aging, epitou li se yon ekspè nasyonal nan premye plan nan domèn sèvis ak sipò swen alontèm Medikèd yo e ak nan egzansyon (waiver) pou swen adomisil ak kominotè yo. Non sèlman Gid sa a te posib gras ak travay yo te fè deja, men yo te pase anpil èdtan tou ap revize epi korije bouyon nou yo.

Nou vle remèsye tou ko-otè nou yo, Jocelyn Armand, Direktè Defans nan Legal Services of Greater Miami, ak Michelle Adams, pou èd ak sipò enpòtan yo te bay nan preparasyon Gid la.

Nou remèsye tou Valory Greenfield, yon avoka nan Bay Area Legal Services Florida Senior Legal Helpline, ak Anne Swerlick, yon ekspè nan zafè Medikèd nan Florid epi analis politik sante nan Florida Policy Institute, ki te kontribye pou fè Gid la pi itil pou defansè dwa nan Florid k ap ede granmoun aje ki bezwen sèvis ak sipò swen alontèm; epi Joseph Schieffer nan A2J (Access to Justice) ak Alison DeBelder nan Florida Justice Technology Center, ki te ede pataje resous sa a ak kominote defansè dwa nan Florid.

Finalman, nou eksprime gwo rekonesans nou anvè Sarah Halsell, Responsab sekson Devlopman Sèvis Legal Leta Florid nan Department of Elder Affairs (DOEA). Angajman Sarah pou asire gen resous esansyèl pou defansè dwa granmoun aje nan Florid yo, ansanm ak sipò finansye ki soti nan *U.S. Administration for Community Living – Model Approaches to Statewide Legal Assistance Systems*, te rann Gid sa a posib.

Miriam Harmatz
Direktris Egzekitif, Florida Health Justice Project

Katy DeBriere
Direktris Afè Legal, Florida Health Justice Project

SEKSYON EN: ENTWODIKSYON

POUKISA GID SA A?

Li pa nesesè pou redi l ankò kijan benefis swen sante leta sibvansyone yo esansyèl pou granmoun aje Florid ki gen ba revni—sitou moun ki vilnerab oswa ki andikape yo.

Gid sa a konsène youn nan benefis swen sante ki pi enpòtan pou popilasyon sa a sèvis ak sipò swen alontèm ("LTSS") ki nesesè pou pèmèt moun rete lakay yo oswa nan kominote yo, olye pou yo resevwa swen nan yon mezon retrèt (nursing home). Yo rele sèvis sa yo tou "sèvis adomisil ak nan kominote a" ("HCBS"). Yo gen ladan yo sèvis ki pa tipikman disponib atravè Medicare oswa asirans medikal estanda yo, tankou asistan swen pèsonèl ak enfimyè prive.

Nan nechèl nasyonal la, yo prevwa demann pou LTSS ap kontinye ogmante pandan popilasyon an ap vin pi aje, e kèk eta ap gen difikilte pou swiv ritm lan.[1]

Nan Florid, HCBS pou granmoun disponib anba sistèm Medicaid Managed Care nan tout eta a. Swen alontèm ki gen ladan yo tou de swen nan mezon retrèt epi HCBS yo fè pati Pwogram Swen Alontèm (LTC) Florid la.[2] Sepandan, Gid sa a konsantre sèlman sou pati Pwogram LTC a ki bay HCBS la, sa vle di "Waiver LTC" (egzansyon LTC) a. Malgre Waiver LTC a gen yon limit sou kantite moun yo ka sèvi epi yon gen yon lis datant pou enskripsyon, [3] sa pa ta dwe dekouraje moun pou yo aplike.

OBJEKTIF GID LA

Gid sa a fèt pou antite ki bay sèvis legal ak avoka ki bay sèvis volontè gratis k ap ede kliyan ki gen ba revni, ansanm ak konsomatè e ak moun k ap reprezante pwòp tèt yo nan tribinal (pro se). Li bay yon apèsi sou otorite ki gouvène Waiver (egzansyon)

---

[1] *Gade* Reinhard et al., *Innovation and Opportunity: Yon Evalyasyon Etaa fè sou Sèvis ak Sipò Swen Alontèm pou Granmoun Aje, Moun ki Andikape Fizik, ak Moun ki Bay Swen nan Fanmi an, Edisyon 2023*, AARP PUBLIC POLICY INSTITUTE (28 septanm,2023), http://ltsschoices.aarp.org/sites/default/files/documents/doi/ltss- scorecard-2023-innovation-and-opportunity.doi.10.26419-2Fppi.00203.001.pdf. *Gade tou Rapò Evalyasyon 2023 Florid la*, AARP PUBLIC POLICY INSTITUTE, http://ltsschoices.aarp.org/scorecard- report/2023/states/florida (ki klase Florid nan 43yèm pozisyon pou sèvis ak sipò swen alontèm).

[2] FLA. STAT. § 409.979 (1); *Gade tou Social* Security Act § 1915(c), 42 U.S.C. § 1396n(c) (ki bay otorizasyon pou pwogram Medikèd leta yo ofri sèvis adomisil ak nan kominote a, ki gen ladan yo sèvis ki pa estrikteman medikal, pou moun ki otreman ta bezwen resevwa swen nan yon mezon retrèt (nursing home) oswa nan yon lòt enstitisyon; 42 C.F.R. § 440.180(b).

[3] FLA. STAT. § 409.979(3).

Swen Alontèm (LTC) Medicaid Managed Care pwogram Florid (Pwogram jesyon Swen Medikèd Florid) la , epi li prezante yon plan gid pou reponn kesyon debaz yo, tankou:

- Ki moun ki elijib pou Waiver (Egzansyon) LTC a?
- Kijan pou aplike?
- Kisa pou fè si yo refize oswa retade yon aplikasyon?
- Kijan lis datant lan fonksyone?
- Kisa pou fè si elijibilite a koupe?
- Ki sèvis ki kouvri, epi kijan yo devlope "plan swen" an?
- Kijan swen jere (managed care) fonksyone?
- Kisa pou fè si yo refize, retade, koupe, oswa diminye sèvis yo?

SEKSYON DE: KONTÈKS (BACKGROUND)

KISA WAIVER (EGZANSYON) MEDIKÈD YO YE?

Anba pwogram waiver (egzansyon) yo, eta yo ka "anile" (waive) sèten egzijans Lwa Medikèd la avèk pèmisyon gouvènman federal la. Pa egzanp, yon pwogram waiver pèmèt eta yo bay swen pou moun ki, otreman, pa t ap elijib anba Medikèd; bay sèvis ki pa nòmalman kouvri kòm sèvis medikal anba Lwa Medikèd la; oswa met an plas yon sistèm swen jere. Waiver Swen Alontèm (LTC) Florid la k ap fonksyone kounye a se gras ak de (2) waiver (egzansyon) separe ki otorize anba Seksyon 1915(b) (pou swen jere) ak Seksyon 1915(c) (pou HCBS) nan Lwa Sekirite Sosyal la.

Seksyon 1915(c), ki bay otorizasyon pou waiver (egzansyon) Medikèd pou bay sèvis adomisil ak nan kominote a (HCBS), te adopte pa Kongrè a an 1983. Waiver (egzansyon) HCBS yo pèmèt eta yo bay sèvis sipò lakay ak nan kominote a pou yon kantite espesifik moun, kòm yon altènatif ak swen nan enstitisyon.[4] Tout moun ki enskri nan yon waiver (egzansyon) HCBS dwe satisfè nivo swen enstitisyonèl la.[5]

Pou fasilite pwogram sa yo, gouvènman federal la ka anile règ jeneral Medikèd ki egzije pou pwogram yo disponib nan tout eta a (yo rele sa yon egzijans **"nan tout eta a (Statewideness)"**), epi pou tout gwoup elijib yo (**egzijans de "Konparablite"**), epi li ka ofri estanda elijibilite finansye ki pi fleksib.[6] Anplis de sa, Seksyon 1915(b) nan Lwa Sekirite Sosyal la bay eta yo otorite pou egzije

---

[4] Social Security Act § 1915(c), 42 U.S.C. § 1396n(c).

[5] FLA. STAT. § 409.979(1)(b).

[6] 42 U.S.C. § 1396a(a)(1), (10)(B), (10)(C)(i).

enskripsyon nan swen jere, lè yo anile dispozisyon Lwa Medikèd la ki bay benefisyè yo libète pou chwazi founisè swen yo.[7]

Paske eta yo gen dwa limite enskripsyon nan waiver (egzansyon)HCBS yo,[8] moun ki elijib ki satisfè kondisyon medikal ak finansye pou HCBS yo ka toujou mete yo sou yon lis datant. Okontrè, moun ki gen menm nivo elijibilite epi k ap chèche plasman nan yon mezon retrèt (nursing home) pa ka enskri sou yon lis datant. [9]

ISTWA AK ETA AKTYÈL WAIVER (EGZANSYON) POU SWEN ALONTÈM (LTC) FLORID LA

An 2011, Asanble Lejislatif Florid la te etabli yon pwogram swen jere entegre ki aplikab nan tout eta a pou tout sèvis ki kouvri yo, enkli swen alontèm.[10] Nouvo pwogram eta a te gen ladan l pwogram Asistans Medikal Jere (Managed Medical Assistance – MMA) pou bay swen medikal debaz yo ak swen ijans,[11] ansanm ak pwogram swen jere pou Swen Alontèm (LTC).[12]

Anba yon modèl livrezon swen jere, eta a fè kontra ak antite prive, tankou òganizasyon swen jere, pou "jere" bezwen swen sante moun ki elijib pou pwogram nan, atravè pwòp rezo founisè sèvis yo. Òganizasyon swen jere sa yo (yo rele yo "Plan") yo aji kòm pòtal(gatekeepers) pou otorize sèvis yo epi pou voye moun yo bay founisè ki nan rezo a pou resevwa sèvis ki kouvri yo.

Aprè yon peryòd kòmantè piblik, Ajans Administrasyon Swen Sante (AHCA) te soumèt de (2) aplikasyon waiver (egzansyon) bay Sant pou Medikè ak Medikèd (CMS), ajans federal ki responsab pou administre Medikèd la. An 2013, CMS te apwouve toude aplikasyon yo pou bay sèvis lakay ak nan kominote a (HCBS) nan kad Pwogram Medikèd Swen Alontèm Florid la pou tout eta a (yo rele li "Waiver LTC").

---

[7] 42 U.S.C. § 1396a(a)(23).

[8] 42 U.S.C. § 1396n(c)(9).

[9] Kontrèman ak sèvis yo bay atravè HCBS yo, sèvis yo bay nan mezon retrèt (nursing home) yo, obligatwa anba lwa federal ak lwa nan nivo eta ki govène pwogram Medikèd yo. *Contrast* U.S.C. § 1396a(a)(10)(A)(i) *and* FLA. STAT. § 409.905(8) *with* 42 U.S.C. § 1396n(c)(9).

[10] FLA. STAT. § 409.964.

[11] FLA. STAT. § 409.971.

[12] FLA. STAT. § 409.978.

An 2016, AHCA te mande epi li te resevwa yon renouvèlman senk (5) an pou tou de waiver (egzansyon) yo, 1915(b) ak 1915(c), pou kontinye pwogram Waiver (egzansyon) Swen Alontèm (LTC) li a.

Nan mwa Out 2021, AHCA te mande yon lòt renouvèlman senk (5) an pou tou de waiver (egzansyon) yo 1915(b) ak 1915(c). [13] [14]

Nan dat 1ye Avril 2022, CMS te apwouve demann renouvèlman yo, ki te gen ladan yo yon kantite anyèl benefisyè ki pa diplike ki se 105,111 pou premye ane (1) waiver (egzansyon) an, avèk yon ogmantasyon mwayèn anviwon 2,700 pou chak ane k ap vin apre yo pandan peryòd waiver (egzansyon) a. CMS te apwouve tou demann pou yo ka sèvi 84,000 patisipan maksimòm pandan premye ane a, avèk yon ogmantasyon anviwon de 2,500 patisipan chak ane apre sa.[15]

CMS te apwouve yon amannman nan renouvèlman waiver (egzansyon) 2022 a, ki te antre an vigè 1ye Avril 2023. Objektif amandman an se te pou mande yo ogmante "kantite patisipan yo ka sèvi a nenpòt moman pandan ane a, ansanm ak kantite patisipan ki pa diplike pandan ane 2 pou rive ane 5 nan dire waiver(egzansyon) an." Pou Ane 4 ak Ane 5 yo, respektivman, kantite patisipan ki pa diplike ke yo otorize a se 128,784 ak 133,572, pandan kantite maksimòm patisipan yo ka sèvi a nenpòt ki moman se 102,175 ak 109,492.[16]

---

[13] AGENCY FOR HEALTHCARE ADMIN., FLORIDA MEDICAID 1915(B) MANAGED CARE WAIVER LONG-TERM CARE PROGRAM (WAIVER #FL-17) DEMANN RENOUVÈLMAN, EFEKTIF 1/1/22–12/31/26 (2021), https://ahca.myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/Policy/federal_authorities/federal_waivers/docs/1915(b)_LTC_Waiver_Renewal_2021.pdf [ki vin apre 2021 AHCA 1915(B) DEMANN RENOUVÈLMAN APWOUVE]; AGENCY FOR HEALTH CARE ADMIN., DEMANN RENOUVÈLMAN POU §1915(C) HOME AND COMMUNITY- BASED SERVICES WAIVER (Brouyon) (9 Out , 2021), https://ahca.myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/Policy/federal_authorities/federal_waivers/docs/1915(c)_LTC_Waiver_Renewal_2021.pdf [ki vin apre 2021 AHCA 1915(C) DEMANN RENOUVÈLMAN].

[14] Florida Health Justice Project (FHJP) ansanm ak lòt òganizasyon te soumèt kòmantè bay Ajans Medikèd nan nivo eta a ak bay CMS, kote yo te soulve kestyon ak enkyetid yo te genyen, pami yo, pa egzanp: twòp depandans sou sipò natirèl (fanmi ak pwòch), pwoblèm ki gen pou wè ak efikasite rezo founisè yo, salè ki ba pou founisè swen dirèk yo, transparans, ak responsablite. Gade: FLORIDA HEALTH JUSTICE PROJECT, KÒMANTÈ KONSÈNAN RENOUVÈLMAN WAIVER (EGZANSYON) SWEN ALONTÈM (LTC) 1915(B)(C) FLORID LA (16 septanm 2021)., https://floridahealthjustice.org/wp-content/uploads/2024/02/fhjp_final_comments_on_fl_1915_b_c_renewal_sept.16_2021.pdf.

[15] 2021 AHCA 1915(C) DEMANN RENOUVÈLMAN, pou 24–25, https://ahca.myflorida.com/content/download/11457/file/1915%28c%29_LTC_Waiver_Renewal_2021.pdf. (Nòt: Nan moman piblikasyon an, aplikasyon pou waiver (egzansyon) 1915(c) ki te apwouve a, ki te antre an vigè 1ye Avril 2022, pa t disponib sou sitwèb AHCA a, paske lyen ki te pibliye a t ap redirije itilizatè yo pou yo te ale sou aplikasyon 1915(b) a.)

[16] AGENCY FOR HEALTHCARE ADMIN., DEMANN POU YON AMANNMAN POU YON §1915(C) HOME AND COMMUNITY- BASED SERVICES WAIVER, EFEKTIF 4/1/23, a 1, 27–28, https://ahca.myflorida.com/content/download/25511/file/1915%20%28c%20%29%20LTC%20a

Aplikasyon pou waiver (egzansyon) yo, ki gen plizyè tèm ak kondisyon, pibliye sou entènèt la epi yo site atravè tout Gid sa a. Defansè yo ta dwe byen familyarize yo ak dokiman sa yo, paske yo bay anpil detay sou fason Leta a pral jere Pwogram nan. [17]

SEKSYON TWA: APÈSI/EKSPLIKASYON SOU WAIVER (EGZANSYON) AN

DIFERAN AJANS YO

Lwa federal egzije pou chak eta administre pwogram Medikèd li atravè yon sèl ajans leta.[18] Ajans leta ki deziyen pou sa nan Florid se Ajans Administrasyon Swen Sante (AHCA).[19]
Se poutèt sa, AHCA gen responsablite final pou asire Waiver (Egzansyon) Swen Alontèm (LTC) lan, respekte tout aspè lwa federal ak lwa leta Florid yo, ki gen ladan yo pwomilgasyon règ administratif ki apwopriye, ansanm ak devlopman kontra ant AHCA ak Plan yo, pou kontra sa yo reflete kòrèkteman lwa ak règleman federal ak leta Florid yo.

AHCA administre pwogram waiver (egzansyon) a nan patenarya ak Depatman Zafè Granmoun Aje (DOEA), ki kenbe lis datant la pou Waiver (Egzansyon)LTC a nan tout eta a, epi ki ede ak pwosesis enskripsyon an. DOEA responsab pou detèmine elijibilite medikal yo tou atravè pwogram CARES li a.[20]

---

pproved%202023.PDF [ki vin apre DEMANN AN 2023 AHCA TE FÈ POU YON AMANNMAN ak §1915(C) HCBS WAIVER].

[17] Kontrèman ak Waiver Seksyon 1115 la, ki bay Florid otorizasyon pou mete an plas yon sistèm swen jere obligatwa nan tout eta a pou sèvis medikal jeneral Medicaid yo, apwobasyon CMS pou demann Waiver LTC yo anba Seksyon 1915(c) ak 1915(b) pa gen okenn akò espesifik ant CMS ak Leta a ki presize kijan Leta a oblije administre waiver (egzansyon) a; yo rele kalite akò sa yo Tèm ak Kondisyon Patikilyè (Special Terms and Conditions – STC).

[18] 42 U.S.C. § 1396a(a)(5); 42 C.F.R. § 431.10.

[19] FLA. STAT. § 409.901(2).

Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) responsab pou detèmine elijiblite finansye. [21]

POPILASYON KI NAN PWOGRAM WAIVER (EGZANSYON) SWEN ALONTÈM (LTC)

Lwa 2011 Florid la ki te etabli pwogram swen jere entegre nan tout eta a te dekri popilasyon ki oblije enskri yo kòm benefisyè ki bezwen yon nivo swen mezon retrèt (nursing home) epi ki: 1) gen 18 an oswa plis, epi ki elijib pou Medikèd akoz yo avèg oswa andikap; oswa 2) gen 65 an oswa plis, epi ki elijib pou Medicaid sou baz laj.[22] Aprè CMS te apwouve pwogram nan, moun ki te enskri nan kat (4) waiver (egzansyon) HCBS ki te egziste deja yo te transfere nan Waiver (egzansyon) LTC a: (1) Waiver (egzansyon) Granmoun Aje / Andikape, (2) Waiver (egzansyon) pou moun ki nan Lojman Asiste (Assisted Living Waiver), (3) Waiver (egzansyon) pou granmoun aje ki frajil, ak (4) Waiver (egzansyon) pou evite plasman nan fasilite ki bay swen enfimyè (Nursing Home Diversion Waiver). [23]

An 2017, Lejislasyon Eta a te adopte yon lwa ki te bay AHCA direksyon pou rasanble twa (3) lòt popilasyon ki te nan waiver (egzansyon)HCBS yo (Project swen pou moun ki gen SIDA (AIDS Care), Moun ki sibi Twoma nan Sèvo ak Kolòn Vètebral, ak Fibwoz Sistik kay adilt) nan Waiver (Egzansyon)Swen Alontèm (LTC) a. Dapre lwa a, moun ki te elijib nan chak nan waiver (egzansyon)sa yo te transfere nan Waiver (egzansyon) LTC a an janvye 2018.[24]

---

[20] *Gade Lwa Florid* § 409.979(3) konsènan deskripsyon responsablite DOEA yo nan Waiver/Egzansyon Swen Alontèm (LTC) la)); *gade tou* AGENCY FOR HEALTHCARE ADMIN., FLORIDA MEDICAID 1915(B) MANAGED CARE WAIVER LONG-TERM CARE PROGRAM (WAIVER #FL-17) DEMANN AMANDMAN POU YON WAIVER/EGZANSYON KI DEJA EGZISTE, KI ANTRE AN VIGÈ 2/1/25–3/31/27, a 5, https://ahca.myflorida.com/content/download/26140/file/FL_Long-Term-Managed-Care_FL-17_2025_Amendment%20PDF%20version.pdf [ki vin apre DEAMANN 2025 AHCA TE Fè pou yon AMANNMAN AK §1915(B) HCBS WAIVER a].

[21] FLA. STAT. §409.902(1).

[22] FLA. STAT. §409.979(1).

[23] *Gad nan Fich Enfòmasyon sou Waiver/ Egzansyon nan Florid nan*, MEDICAID.GOV, https://www.medicaid.gov/medicaid/section-1115- demo/demonstration-and-waiver-list/Waiver-Descript-Factsheet/FL (waivers/egzansyon ki te fini yo).

[24] Konfòmeman ak la lwa Florid § 409.979(2)(a), 150 moun ki te nan pwogram Waiver/Egzansyon Fibwòz Sistik pou adilt, 468 moun ki te nan pwogram Waiver/ Egzansyon pou Twoma yo te sibi nan Sèvo ak Kolòn Vètebral, ak anviwon 1,100 moun ki te nan pwogram Waiver/ Egzansyon pou Project AIDS Care (PAC) te transfere nan pwogram Waiver/ Egzansyon LTC a. (Nòt: Se pa tout moun ki te nan Waiver/ Egzansyon PAC la ki te transfere. Se sèlman sila yo ki t ap resevwa HCBS epi ki te satisfè nivo swen mezon retrèt la. Lòt yo te kontinye gen elijibilite Medikèd atravè yon amandman nan Waiver/ Egzansyon 1115 Managed Medical Assistance la ki te etabli kritè elijibilite finansye ak non-finansye.) *Gade tou* AGENCY FOR HEALTH CARE ADMIN., DEMANN POU YON AMANNMAN A §1915(C) HOME AND COMMUNITY-BASED SERVICES WAIVER, EFektf 12/17/20, a 12, https://ahca.myflorida.com/medicaid/Policy_and_Quality/Policy/federal_authorities/federal_waiver

LÒT POPILASYON AK PWOGRAM HCBS YO

PACE:

Defansè yo ak konsomatè yo ta dwe konnen Pwogram Swen Konplè pou Granmoun Aje yo (*Programs of All-Inclusive Care for the Elderly – PACE*). Pwogram PACE la, menm jan ak pwogram swen jere Medikèd Swen Alontèm (LTC) la, ofri yon altènatif ak swen nan fasilite ki bay swen enfimyè (nursing home).

Pwogram PACE yo mete anplas sant kote moun k ap resevwa Medikèd oswa Medikè ka jwenn sèvis pwogram sa yo kouvri. Kontrèman ak elijibilite pou sèvis Waiver LTC a, plasman nan yon pwogram PACE gen kritè ki baze sou laj. Pou yon moun resevwa sèvis PACE, li dwe: 1) gen 55 an oswa plis; 2) abite nan zòn sèvis yon òganizasyon PACE; 3) bezwen yon nivo swen mezon retrèt, jan eta kote aplikan an ap resevwa swen an a sètifye sa; epi 4) kapab viv an sekirite nan kominote a avèk èd PACE.[25] Moun ki enskri nan PACE yo resevwa tout sèvis medikal ak medikaman sou preskripsyon Medikè ak Medikèd kouvri, dirèkteman sou sit pwogram PACE la. Moun ki enskri yo resevwa tou transpò, swen lakay yo, egzamen medikal regilye, vizit lopital, ak sejou nan fasilite ki bay swen enfimyè (nursing home) lè sa nesesè. Pou moun ki gen ni Medikèd ni Medikè ansanm, enskripsyon nan pwogram PACE la kouvri nèt sou plan finansye. Moun ki sèlman resevwa Medikè yo peye yon prim chak mwa.[26]

WÒL PLAN SWEN JERE YO

Jan sa pral diskite plis an detay pi ba a, tout Plan yo fonksyone anba menm Kontra Debaz (Core Contract) yo genyen ak AHCA a, ki egzije pou yo bay sèvis ki kalifye kòm "sèvis medikalman nesesè" pou chak moun ki enskri. Jesyonè ka a (case manager), ki se prensipal pwen kontak ant moun ki enskri an ak Plan an, ede devlope yon "plan swen", epi li responsab pou bay asistans kontinyèl pou moun ki enskri a jwenn sèvis ki nesesè yo. [27]

---

s/docs/1915c_Waiver_Amendment_12-17-2020.pdf [ki vin apre DEMANN 2020 AHCA A POU YON AMANNMAN ak §1915(C) WAIVER /EGZANSYON HCBS a].

[25] MEDICARE.GOV, *Ki moun ki ka benefisye de PACE?*, *PACE*, http://www.medicare.gov/health-drug-plans/health- plans/your-coverage-options/other-medicare-health-plans/PACE.

[26] *Id.*, *Konbyen PACE Koute?*

[27] AGENCY FOR HEALTHCARE ADMIN., 2025-2030 MODÈL KONTRA POU PLAN SWEN ANÈKS II DOKIMAN II- B– MIZAJOU: 1ye OKTÒB, 2025, PWOGRAM SWEN ALONTÈM (LTC) , § V E., 13–23, https://ahca.myflorida.com/content/download/27250/file/Exhibit%20II-B%20-Long-Term%20Care%20%28LTC%29%20Program%20Oct%202025.pdf [Ki vin apre Modèl Kontra AHCA a ANÈKS II DOKIMAN II-B].

SEKSYON KAT: KRITÈ ELIJIBILITE POU WAIVER / EGZANSYON SWEN ALONTÈM (LTC)

MEDIKAL

Pou satisfè elijiblite Medikal la, aplikan yo dwe bezwen yon "nivo swen ki egal ak swen yo bay nan fasilite ki bay swen enfimyè (nursing home)."[28] Detèminasyon pou konnen si aplikan an bezwen yon nivo swen yo bay nan nursing home (yo rele li tou "detèminasyon nivo swen an") e li fèt pa pwogram CARES la. (Comprehensive Assessment and Review for Long-Term Care Services) (Evalyasyon ak Egzamen konplè pou Detèmine Sèvis Swen Alontèm). [29]

FINANSYE

Elijibilite finansye detèmine pa Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) dapre règ Medikèd ki gen rapò ak SSI. [30] Si yon aplikan pou Waiver/Egzansyon LTC te deja elijib pou Medikèd paske l resevwa Revni Siplemantè Sosyal (SSI), oswa Medikèd sou baz laj oswa andikap (MEDS-AD), DCF pa bezwen yon nouvo aplikasyon.

Limit revni an 2025 pou pwogram egzansyon HCBS yo se 300% limit revni SSI a (oswa to benefis federal la), sa vle di $2,901 pa mwa pou yon moun. [31] Aplikan pou Egzansyon LTC a ki gen revni ki depase montan sa a ka toujou kalifye lè yo etabli yon fon twòs de revni kalifikye (qualified income trust) (QIT) ki resevwa "eksedan" nan revni mansyèl moun nan. [32] Limit pou byen yo se $2, 000 pou yon sèl moun

---

[28] Lwa Florid § 409.985 (3); Kòd Administratif Florid R. 59G-4.192 (ki entegre pa referans Politik Kouvèti *Pwogram Medicaid Jere Eta Florid pou Swen Alontèm*); Ajans pou Administrasyon Swen Sante, Politik Kouvèti Pwogram Medikèd Jere Eta Florid pou Swen Alontèm (Mas 2017), nan paj 3,3, http://ahca.myflorida.com/content/download/5952/file/59G- 4.192_LTC_Program_Policy.pdf [Apre sa yo rele l RÈG WAIVER/ EGZANSYON LTC].

[29] Lwa Florid § 409.985 (1), (3); *gade tou* Lwa Florid § 409.985 (2) (ki otorize ajans Medikèd la opere pwogram CARES la atravè yon akò entè ajans avèk Depatman Zafè Granmoun Aje).

[30] Lwa Florid § 409.902(1); Kòd Administratif Florid R. 65A-1.712(1)(g); Kòd Administratif Florid R. 65A-1.713(1)(e).

[31] Depatman Timoun ak Fanmi Florid, Manyèl Politik Pwogram ESS, Anèks A-9 Gwoup Kouvèti Medikèd ki gen rapò ak SSI — Estanda pou Elijiblite Finansye: Jiyè 2025, 2025, https://www.myflfamilies.com/sites/default/files/2025-06/Appendix%20A-9%20SSI-Related%20Programs%20-%20Financial%20Eligibility%20Standards.pdf *(*ki endike ke limit revni pou yon sèl moun se 300% FPL la, ki se $2,901, plis yon eksklizyon $20)) [apre sa yo rele ANÈKS A-9 Estanda pou Elijiblite Finansye ki gen rapò ak SSI]; gade tou Kòd Administratif Florid R. 65A-1.716(5)(b) a.

[32] Kòd Administratif Florid R. 65A-1.713(1)(e) (ki note ke etablisman yon twòs revni pou moun nan kalifye pou HCBS dwe respekte egzijans ki tabli nan Kòd Administratif Florid R. 65A- 1.702(15)); *gade tou* Fich Enfòmasyon sou Twòs Revni Kalifye, DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORID la https://www.myflfamilies.com/sites/default/files/2023-02/qualified_income_trust_factsheet.pdf.

epi $3,000 pou yon koup, san konte sèten byen ki egzan, tankou kay prensipal la oswa yon machin. [33] Moun k ap aplike e ki kalifye pou Pwogram HCBS Travayè ki gen Andikap (WPwD) yo genyen yon estanda finansye ki pi wo, ki gen ladan l yon limit revni 550% **FBR** ($5,319 pou yon moun an 2025) ak yon limit byen $13,000 pou yon moun .[34] Pa gen okenn aplikasyon anplis pou kalifye pou kouvèti anba **WPwD**.[35]

Konsèy pou Defansè yo
Detèminasyon Eligiblite finansye a konplike, epi Gid sa a pap eseye trete planifikasyon Medikèd pou moun ki gen byen oswa revni ki depase limit Medikèd yo, ni pou koup kote se sèlman mari oswa madanm nan ki bezwen Medikèd swen alontèm (LTC) nan. Aplikan ki nan sitiyasyon sa yo dwe konsilte yon avoka ki gen ekspètiz nan domèn sa yo.

SEKSYON SENK: KISA PWOSIS APLIKASYON AN YE?

ETAP APLIKASYON AN

Etap 1: Pran yon randevou pou fè yon evalyasyon pou enskri sou lis datant priyorite Pwogram Waiver/Egzansyon LTC a

Pou pifò moun k ap aplike, premye etap la se kontakte Sant Resous pou Granmoun Aje ak Andikape lokal yo (**ADRC**) oswa Liy Èd pou Granmoun Aje a nan **1-800-96-ELDER (1-800-963-5337)**. Eta Florid gen onz (11) **ADRC**, epi enfòmasyon pou kontakte pou biwo ki aplikab la wap jwenn sou Sit entènèt Depatman Zafè Granmoun Aje (DOEA).[36]

---

[33] KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 65A-1.716(5)(a); *gade tou* ANÈKS A-9 ESTANDA ELIJIBLITE FINANSYE KI GEN RAPÒ AK SSI, *supra* nòt 31.

[34] KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 65A-1.716(5)(b)1.–2.; *gade tou* ANÈKS A-9 ESTANDA ELIJIBLITE FINANSYE KI GEN RAPÒ AK SSI, *supra* nòt 31.

[35] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE, Kesyon yo Poze Souvan (FAQ) sou Pwogram Medikèd Florid pou Travayè ki gen Andikap. https://ahca.myflorida.com/content/download/11061/file/wpwd_FAQ.pdf.

[36] DEPATMAN ZAFÈ GRANMOUN AJE, Sant Resous pou Granmoun Aje ak Andikap (ADRCs), https://elderaffairs.org/resource-directory/aging-and-disability-resource-centers-adrcs/ (Mizajou 29 septanm 2023). (Nòt: Gen anpil lyen nan gid sa a ki mennen sou sit pou jwenn fòm ak materyèl DOEA, epi lyen yo t ap fonksyone nan moman gid la te pibliye. Sepandan, otè yo remake ke

Konsèy pou Defansè yo
Endike dirèkteman bay ADRC a ke ou vle aplike pou pwogram Waiver LTC a. Moun ki gen twoub kognitif oswa andikap ki gen rapò ak kominikasyon ka mande yon "modifikasyon rezonab", tankou yon evalyasyon an pèsòn. Demann pou modifikasyon an dwe fèt pandan premye apèl ki fèt a ADRC an epi yon swivi ak yon demann alekri.

The Depatman Zafè Granmoun Aje (**DOEA**) gen yon manyèl sou sit entènèt li ki dekri pwosesis admisyon, tiyaj, valyasyon, ak jesyon ka yo.[37]

Kèk ADRC ap fè swa yon evalyasyon inisyal, yo rele 701S, nan moman apèl la, pandan ke pifò ap fikse yon randevou. Kèk ADRC ka voye yon lèt pou pwograme yon randevou pa telefòn pou evalyasyon inisyal la.

Pou moun ki deja ap resevwa sèvis anba Older Americans Act (OAA) atravè yon founisè kominotè, gen yon evalyasyon 701A tou . Sa a se yon evalyasyon an pèsòn ajans k ap bay sèvis lakay moun nan—tankou swen pèsonèl ak livrezon manje lakay—fè.[38] Evalyasyon 701A a ranmase anpil nan menm done ak 701S la, epi, menm jan ak 701S la, li pwodui yon nòt pou detèmine nivo priyorite aplikan an. Ajans founisè ki ranpli 701A a soumèt li bay ADRC a. Malgre ke evalyasyon 701A a fèt an pèsòn epi li

---

lyen yo te chanje dan le pase. Tanpri notifye info@floridahealthjustice.org si gen pwoblèm ak lyen yo.)

[37] DEPATMAN ZAFÈ GRANMOUN AJE, MANYÈL PWOGRAM AK SÈVIS – CHAPIT 2: ADMISYON, TRIYAJ, DETÈMINE PRIYORITE, EVALYASYON, AK JESYON KA (2020), https://elderaffairs.org/wp- content/uploads/2020-chapter -2-intake-screening-prioritization-assessment.pdf.

[38] The Evalyasyon Kondanse 701A a, ki entegre pa referans nan Kòd Administratif Florid R. 58A-1.010, baze sou Evalyasyon Konplè 701B a. Pwogram lokal yo ranpli zouti evalyasyon 701A a kòm yon egzijans elijiblite anvan yo bay yon sèvis ki finanse pa ADRC lokal la. Yo administre li an pèsòn bay kliyan ki pa anba jesyon ka nan pwogram lokal OAA (Older Americans Act) yo. Gade Depatman Zafè Granmoun Aje Florid, Evalyasyon Kondanse 701A (2013), https://elderaffairs.org/wp-content/uploads/701A_Condensed_Assessment-1.pdf. Nòt: Zouti evalyasyon 701A a pa gen yon zouti enstriksyon ki akonpaye l. Sepandan, Enstriksyon 701D yo, ki sèvi kòm yon gid pou ranpli zouti evalyasyon 701B a, ka itilize kòm yon gid, paske 701A a baze sou 701B a. Gade Depatman Zafè Granmoun Aje Florid, Enstriksyon 701D (2013), https://elderaffairs.org/wp-content/uploads/701d-assessment-instructions.pdf.

pwodui yon nòt nòt pou detèmine nivo priyorite aplikan an, ADRC ap toujou gen obligasyon administre evalyasyon 701S la.

Etap 2: Evalyasyon 701S la ak Priyorite nan Waiver/egzansyon an

Evalyasyon telefonik pou detèmine bezwen pou sèvis ke ADRC fè pa telefòn nan itilize fòm pou fè triyaj yo rele 701S la.[39] Fòm sa a bay yon "nòt priyorite" ki mezire ni bezwen moun k ap aplike a pou asistans la, ni resous moun ki disponib pou bay swen nan moman an .[40]

Entèvyouè a ap mande enfòmasyon tankou: si moun k ap aplike a ap viv pou kont li oswa si li gen yon moun k ap ba l swen; eta sante moun k ap bay swen an ak kapasite l genyen pou l kontinye bay swen; eta sante aktyèl moun k ap aplike a ak kijan li konpare ak ane anvan an; kijan sante moun k ap aplike a ka limite aktivite li ta renmen fè; asistans ki nesesè pou Aktivite Lavi Chak Jou (ADL) ak Aktivite Enstrimantal pou Lavi Chak Jou (IADL);[41] epi resous swen sante ki disponib pou moun k ap aplike a, tankou aksè a swen sante e ak medikaman.[42]

Konsèy pou Defansè yo:
Paske fòm **701S** la mezire ni bezwen moun k ap aplike a pou asistans ak ni resous moun ki disponib pou bay swen nan moman an, li esansyèl pou souliye ak presizyon sa moun k ap aplike a pa kapab fè pou kont li, pou rete reyalis sou sa yon moun k ap ede nan moman an ka vrèman fè regilyèman, epi pou souliye tout kesyon oswa enkyetid konsènan kapasite moun k ap ede a ka asire ke swen l ap bay nan moman an ap kontinye. Li enpòtan tou pou koute epi reponn chak kesyon ak anpil atansyon, epi pou mande klarifikasyon chak fwa sa nesesè.[43]

[39] DEPATMAN ZAFÈ GRANMOUN AJE FLORID , FÒM EVALYASYON 701S (2013), https://elderaffairs.org/wp- content/uploads/701S_Screening_Form.pdf.

[40] LWA FLORID. § 409.979(3)(a); KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 59G-4.193(3)(a).

[41] *Gade an jeneral* **RÈG WAIVER/EGZANSYON LTC** *a,* supra nòt 28, nan paj 1–2 (ki defini ADL yo nan § 1.3.1 kòm enkli, pa egzanp, benyen, abiye, manje, al nan twalèt, deplase/transfè, epi rete pwòp (kontwòl pipi ak poupou); epi IADL yo nan § 1.3.9 kòm enkli aktivite ki nesesè pou pèmèt moun nan fonksyone pou kont li, pa egzanp, fè makèt pou manje, fè lesiv , fè ti travay administratif senp, jere lajan, ak transpòtasyon).

[42] FÒM TRIYAJ 701S, supra nòt 39.

[43] Li ka itil pou revize ENSTRIKSYON 701D yo, supra nòt 38 (ki bay enstriksyon estanda pou evalyatè k ap ranpli 701B a), ansanm ak Depatman Zafè Granmoun Aje Florid, Fòmasyon Webinar 701B (3 fevriye 2021), https://www.youtube.com/watch?v=XpEpVgs2zdo.

Yon fwa fòm 701S la fin ranpli, ADRC pral kalkile nòt priyorite a epi atribye yon nivo oswa kategori ki baze sou frajilite aplikan an , yo rele l yon **"ran"**.[44] Yo itilize yon echèl pou bay moun nan yon nòt.[45] Yo bay moun nan priyorite pou sèvis Waiver LTC yo dapre nòt li ak ran li:

- Ran 1: 0-15.
- Ran 2: 16-29.
- Ran 3: 30-39.
- Ran 4: 40-45.
- Ran 5: Siperyè oswa egal a 46.

Gwoup desiyen ki pa bezwen pase pa etap 1 ak 2 yo:

Lejislati Florid la, nan Seksyon 409.979(3)(f), te presize twa (3) kategori moun ki gen priyorite nan enskripsyon pou sèvis ki baze nan kay ak nan kominote anba Waiver LTC a.[46] Moun sa yo, ki dekri anba a, pa oblije ranpli evalyasyon triyaj 701S la ni pase pa pwosesis lis datant lan, si tout lòt egzijans elijiblite pwogram **LTC** a satisfè:

- Yon moun ki gen 18, 19, oswa 20 an, ki gen yon maladi kwonik ki grav oswa yon kondisyon ki afekte youn oswa plizyè sistèm fizyolojik oswa ògàn, ki an jeneral fè moun nan depann de swen medikal, swen enfimyè, oswa sipèvizyon/entèvansyon sante 24 sou 24.[47]

- Yon rezidan nan yon etablisman ki bay swen enfimyè, ki mande pou l i transfere nan kominote a epi ki te rete nan yon etablisman ki bay swen enfimyè kalifye ki gen lisans nan Florid pandan omwen 60 jou konsekitif.

---

[44] KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 59G-4.193(3).

[45] DEPATMAN ZAFÈ GRANMOUN AJE FLORID, DOEA KALKIL NÒT POU DETÈMINE PRIYORITE (Nov. 2014), https://elderaffairs.org/wp-content/uploads/DOEA_Priority_Score_Calculation.pdf.

[46] LWA FLORID. § 409.979(f).

[47] *Gade Jones et al. kont Ajans Administrasyon Swen Sante (AHCA)* (2022) (yon ka kote AHCA te oblije pran mezi korektif konplè apre yon rekèt FHJP ak Disability Rights Florida te depoze, apre yo te rejte nan yon fason abizif demann yon benefisyè Medikèd ki gen 20 ki te mande pou yo te retire l sou lis datant 55,000 moun nan epi pou yo enskri l imedyatman nan pwogram Waiver LTC Florid la. Mezi korektif la asire ke jèn moun ki benefisyè Medikèd e ki medikalman frajil pa gen okenn entèripsyon nan kouvèti sèvis medikal esansyèl yo). Yon Kominike laprès ki adrese mezi sa a disponib sou sit entènèt FHJP: website: https://floridahealthjustice.org/wp-content/uploads/2025/02/Jones-Press-Release.pdf.

- Yon moun Depatman Timoun ak Fanmi (DCF) refere dapre Lwa sou Sèvis Pwoteksyon pou Granmoun, ss. 415.101–415.113, kòm gwo risk, epi ki plase nan yon etablisman ki bay asistans pou viv yon fason otonòm (assisted living facility) ki finanse tanporèman pa Depatman Timoun ak Fanmi.

Règ Medikèd la bay moun sa yo priyorite konfòmeman ak Seksyon 409.979. Anplis de sa, règ la presize twa (3) kategori moun ki klase pi wo ke ran 5 la.[48] Sa yo enkli:

- Ran 6: Referans pou Moun ki rive nan laj limit la (moun ki nan pwogram pou andikape ki rive nan laj maksimòm pou pwogram sa yo).

- Ran 7: Risk Iminan.
- Ran 8: Referans bay Sèvis Pwoteksyon pou Granmoun pou moun a gwo risk.

Dapre règ eta a, "risk iminan" defini kòm yon moun k ap viv lakay li oswa nan yon anviwònman kominotè ki satisfè kondisyon sa yo: li pa kapab pran swen tèt li akòz deteryorasyon kondisyon sante mantal oswa fizik li; pa gen okenn moun ki kapab ki disponib pou ba l swen; epi plasman nan yon etablisman ki bay swen (nursing facility) gen anpil chans rive nan yon mwa, oswa trè pwobab nan twa mwa.[49]

Konsèy pou Defansè yo:
Si aplikan a fè fas ak yon risk iminan pou yo plase l nan yon etablisman ki bay swen (nursing home), li enpòtan pou dekri an detay bay evalyatè 701S la kijan moun nan satisfè chak kritè nan definisyon an.

NOTIFIKASYON APRÈ EVALYASYON (SCREENING)

Anvan 2020, lwa a te prevwa ke apre yo fin fè evalyasyon an, pou yo te voye yon avi alekri bay aplikan ana, ki gen ladan l notifikasyon sou dwa l genyen pou l mande yon apèl si l pa dakò ak nòt yo ba li apre evalyasyon an epi ak ran yo klase l la. Nan pratik, avi yo pa t janm te inifòm atravè eta a epi yo pa t toujou voye yo regilyèman.

An 2020, Lejislati Florid la te amande lwa a pou deklare ke yon notifikasyon aprè evalyasyon dwe al jwenn aplikan osito evalyasyon oswa reevalyasyion fin fèt , **"sof si moun nan se yon moun ki gen yon nòt priyorite ki ba."** (anfaz ajoute).

---

[48] KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 59G-4.193(3)(b).

[49] KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 59G-4.193(2)(e).

“Nòt ki ba” (yo rele li tou yon **“ran priyorite ki ba”**) li pa t defini nan lwa a. [50]

Apre chanjman nan lwa a, Ajans Medikèd (AHCA) te kòmanse pwosedi administratif pou etabli yon nouvo règ ki defini sa yo konsidere kòm yon nòt ki “wo oswa ba,” sa ki ta dwe nan avi pou moun ki gen yon “nòt wo” (oswa yon ran priyorite wo), epi presize ki avi, si genyen, ki ta ale jwenn moun ki gen yon “nòt ba yo.”[51]

Règ AHCA a, ki antre an vigè apati20 Jiyè 2021, defini yon ran priyorite “ba” kòm 1 oswa 2, epi yon ran priyorite “wo” kòm 3 oswa plis. An repons ak kòmantè piblik ki soti nan Florida Health Justice Project ak lòt moun, règ final Ajans lan prevwa ke tout moun ki konplete pwosesis evalyasyon an ap resevwa yon notifikasyon alekri, enkli moun ki gen yon nòt ba yo. Lèt la, k ap soti nan Depatman Afè Granmoun Aje (DOEA), ap enfòme moun nan sou bagay sa yo:

1. Ran priyorite moun nan;
2. Enfòmasyon pou kontakte Sant Resous pou Granmoun Aje ak Andikape (ADRC);
3. Enstriksyon sou fason pou mande yon odyans administratif ki jis;
4. Enstriksyon sou fason pou mande yon kopi zouti evalyasyon ki te ranpli a, ki gen ladan l nòt priyorite a;
5. Enstriksyon sou fason pou mande yon nouvo evalyasyon. Moun nan, oswa reprezantan otorize li, ka mande yon nouvo evalyasyon si gen yon chanjman enpòtan nan kondisyon l;
6. Pou moun ki gen yon ran priyorite wo, notifikasyon ki fè yo konnen yo mete yo sou lis datant lan;
7. Pou moun ki gen yon ran priyorite ba, avi ki fèyo konnen yo pa kalifye pou mete sou lis datant lan, ansanm ak enfòmasyon sou fason pou jwenn resous kominotè ki disponib pou ede yo.

Yon chanjman enpòtan, ki jistifye yon nouvo evalyasyon, gen sa yo ladan l:

- Yon chanjman nan eta sante moun nan apre yon aksidan oswa yon maladi;

---

[50] LWA ETA FLORID § 409.979(3)(b).

[51] KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 59G-4.193.

- Yon chanjman reyèl oswa ki prevwa nan sitiyasyon kote moun nan ap viv;
- Yon chanjman nan relasyon moun nan ak moun k ap bay swen an;
- Pèt oswa domaj nan kay moun nan, oswa degradasyon anviwònman kote l rete a
- Mari oswa madanm moun nan mouri, osinon moun k ap bay swen an mouri.[52]

Notifikasyon sa a gen ladan l tou yon lyen ki mennen sou yon sitwèb santral la[53] (gade foto ekran sitwèb la ki pi ba a) kote moun yo ka aprann plis sou pwosesis evalyasyon an , epi sou fason pou mande yon kopi rezilta evalyasyon yo, mande yon odyans ofisyèl, oswa depose yon plent.

Konsèy pou Defansè yo:
Yo konseye aplikan yo ak defansè yo pou mande yon kopi rezilta evalyasyon an anvan yo mande yon odyans ofisyèl. Yon ADRC ka dispoze fè yon nouvo evalyasyon san pa bezwen genyen yon odyans administratif si aplikan an enfòme ADRC a ke repons evalyasyon yo te anrejistre yon fason ki pa kòrèk.

[52] LWA ETA FLORID § 409.96.

[53] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE, Pwogram Leta Swen Alontèm jere Medikèd, https://ahca.myflorida.com/medicaid/statewide-medicaid-managed-care/long-term-care-program.



STATEWIDE MEDICAID MANAGED CARE
LONG-TERM CARE PROGRAM



Providing Long-Term Care (LTC) services to Florida's most vulnerable citizens is a multi-agency effort. The Agency for Health Care Administration (AHCA) administers the Statewide Medicaid Managed Care (SMMC) Long-Term Care program, sets coverage policy, and gets those eligible for services enrolled in a LTC plan. The Department of Children and Families (DCF) is responsible for determining financial eligibility for services. The Department of Elder Affairs (DOEA) is responsible for determining medical eligibility and level of care needed.

AGENCY FOR HEALTH CARE ADMINISTRATION

FLORIDA DEPARTMENT OF CHILDREN AND FAMILIES
MYFLFAMILIES.COM

Department of ELDER AFFAIRS
STATE OF FLORIDA

Step 1: Screening

- Who Can Receive Long-Term Care Services?
- Screening
  - Screening Rescreening
  - Screening Exceptions
- Get a Copy of Your Screening
- Disagree with your Screening Results? You can ask for a Fair Hearing

Step 2: Eligibility

- Wait List Release
  - Priority Scores and Ranks
- CARES Assessment of Long-Term Care Needs
- Become Eligible for Medicaid
- Disagree with the Eligibility Decision? You can ask for a Fair Hearing.

Step 3: Enrollment

- Pick a Long-Term Care Plan
- Find Out About Long-Term Care Services
- Make a Complaint or Ask for a Fair Hearing about LTC Services
- Frequently Asked Questions

Etap 3: Retire moun nan sou lis datant epi fè detèminasyon kalifikasyon Medikal ak finansye

Depatman Afè Granmoun Aje (DOEA) gen yon manyèl operasyonèl ki detaye pwosesis fason yo retire moun sou lis datant lan epi kontinye atravè pwosesis kalifikasyon ak enskripsyon an (apre sa yo rele li "Manyèl EMS").54

Dapre Manyèl EMS la, DOEA ap notifye ADRC lokal yo lè gen plas waiver/ egzansyon (waiver slots) ki vin lib, epi ADRC ap kontakte moun ki sou lis pou jwenn plas ki vin lib yo.[55] Apre yo fin konfime ke moun nan toujou bezwen sèvis swen alontèm, ADRC voye yon notifikasyon alekri ki fè konnen moun nan pa sou lis datant lan ankò. Lèt sa a gen ladan l enfòmasyon sou pwosesis enskripsyon an, ansanm ak enstriksyon ak delè pou konplete kalifikasyon an.[56]

l Kalifikasyon Medikal ak finansye

Apre yo fin retire moun nan sou lis datant lan, gen de detèminasyon ki nesesè: kalifikasyon Medikal ak kalifikasyon finansye.[57] Pwogram CARES la, ki administre pa DOEA, detèmine kalifikasyon klinik la,[58] epi DCF detèmine kalifikasyon finansye a.[59]

---

[54] LWA ETA FLORID § 409.979(3)(d); MANYÈL PWOSEDI DEPATMAN AFÈ GRANMOUN FLORID LA POU PWOGRAM ENSKRIPSYON NAN SISTÈM SWEN ALONTÈM KI JERE PA MEDIKÈD NAN TOUT ETA A (bay yon deskripsyon detaye sou pwosesis pou yo retire yon moun nan lis datant lanlè vin gen yon plas lib, ansanm ak pwosesis elijibilite ak enskripsyon an). Nòt: Manyèl ki pi resan sou sitwèb DOEA a soti nan ane 2021. Otè Gid sa a te resevwa manyèl ki ajou ki aktyèlman an itilizasyon, ki date Jiyè 2025, epi li disponib nan sit sa a: https://app.box.com/s/rrwbm27cs5cqxpruvcsfprgtwq0rc9hr [Apre yo rele l MANYÈL EMS].

[55] Manyèl EMS, *supra* nòt 54, at 13–15.

[56] *Id*. a 15, 33–56 (Li gen Modèl Lèt EMS ke yo voye bay moun ki jwenn plas ki soti sou lis datant ankò).

[57] LWA ETA FLORID § 409.979(d); *gade tou* Manyèl EMS, *supra* nòt 54, at 16-20.

[58] LWA ETA FLORID § 409.985.

[59] LWA ETA FLORID § 409.902(1); KÒD ADMINISTRATIF FLORID R. 65A-1.205.

Konsèy pou Defansè yo:
Defansè yo ak ajans k ap bay sèvis yo dwe konnen ke si yon moun k ap aplike pou swen alontèm (LTC) pandan l ap resevwa aktyèlman sèvis swen adomisil atravè pwogram Community Care for the Elderly **(CCE)**, epi moun nan soti sou lis datant lan men li pa ranpli aplikasyon an oswa li pa satisfè kondisyon elijibilite finansyè yo, poutèt sa yo refize lnan pwogram LTC a, moun nan ka pa kapab retounen nan pwogram CCE a imedyatman.

Kalifikasyon Medikal

Aplikan yo dwe fè doktè yo oswa yon lòt pwofesyonèl swen sante ki gen lisans epi ki familye ak bezwen yo ranpli yon Sètifikasyon Medikal pou Sèvis Medikèd LTC ak yon Fòm Transfè Pasyan (ke yo rele tou **Fòm** 5000-3008 AHCA a)[60] Nan lespas 30 jou apati de dat yo te resevwa notifikasyon sou lis datant lan.[61]

Osito ke ADRC resevwa Fòm 5000-3008 AHCA a ki konplè ak kòrèk, li pral kontakte biwo CARES la epi mande yon detèminasyon pou Nivo Swen (Level of Care, LOC). [62]

Ekip CARES la ap rankontre ak moun k ap aplike a epi pwosede pou fè yon evalyasyon konplè 701B [63] Evalyasyon sa a fèt nan yon rankont fas-a-fas avèk yon founisè swen sante ki gen lisans pou asire ke moun k ap aplike a satisfè kalifikasyon medikal pou Waiver/Egzansyon LTC a.[64] Pou moun k ap aplike ki satisfè kondisyon pou nivo swen yo bay nan fasilite ki bay swen enfimye yo (nursing home), ekip CARES la ap klase moun nan nan youn nan twa (3) nivo sa yo:

Nivo swen 1: Aplikan ki se rezidan, oswa ki dwe plase nan yon etablisman swen alontèm (nursing facility).

---

[60] KÒD ADMINISTRATIF FLORID 59G-1.045(4); *gade tou* FÒM DEPARTMAN AFÈ GRANMOUN AJE FLORIDA, ENSTRIKSYON POU RANPLI SÈTIFIKASYON MEDIKAL POU SÈVIS SWEN ALONTÈM AK FÒM TRANSFÈ PASYAN MEDIKÈD (2016), https://elderaffairs.org/wp-content/uploads/instructions-for-completing-the-medical-certification.pdf.

[61] KÒD ADMINISTRATIF FLORID 59G-4.193(3)(h); MANYÈL EMS, *supra* nòt 54, at 17.

[62] MANYÈL EMS, *supra* nòt 54, at 18.

[63] KÒD ADMINISTRATIF FLORID 59G-4.193(3)(i); KÒD ADMINISTRATIF FLORID 58A-1.010(1)(b).

[64] RÈGLEMAN WAIVER/EGZANSYON, *supra* nòt 28, § 1.3.5, at 1; *gade tou* 701D ENSTRIKSYON, *supra* nòt 38.

Nivo swen 2: aplikan ki gen risk iminan pou plasman nan yon mezon retrèt ki bay swen medikal, dapre jan eta sante yo pwouve ke yo gen yon bezwen konstan pou yo resevwa tretman ak swen medikal ak enfimyè woutin, epi yo bezwen anpil swen ak sèvis ki gen rapò ak sante akòz y ap soufri ak enkapasite mantal oswa fizik.

Nivo swen 3: aplikan ki gen risk iminan pou plasman nan yon mezon retrèt ki bay swen medikal, dapre jan eta sante yo pwouve ke yo gen yon bezwen konstan pou yo resevwa tretman ak swen medikal ak enfimyè woutin, epi yo gen yon bezwen limite pou swen ak sèvis ki gen rapò ak sante akòz y ap soufri lejèman ak yon enkapasite medikal oswa fizik.[65]

Elijibilite finansye

Yon fwa yo fin detèmine Nivo Swen an epi yo soumèt yon aplikasyon bay DCF ACCESS, ADRC ap ranpli epi soumèt Sètifikasyon Estati Enskripsyon pou Sèvis adomisil ak kominotè (yo rele li tou Fòm DCF 2515) bay Depatman Timoun ak Fanmi pou finalize detèminasyon elijiblite pou egzansyon LTC a.[66] Detèminasyon elijiblite finansye ak Medikal kapab epi dwe fèt an menm tan an tou.

Aplikan an gen 45 jou apati dat li resevwa notifikasyon osijè de plas li sou lis datant lan pou l soumèt aplikasyon Medikèd li. [67] Yon aplikasyon Medikèd ki soumèt swa atravè fòmilè papye oswa atravè pòtal ACCESS sou entènèt DCF lan ap deklannche pwosesis detèminasyon finansye a.

Aplikasyon ACCESS la mande pou non, nimewo sekirite sosyal, dat nesans, adrès, nimewo telefòn, ak revni ak byen aplikan an. DCF ka mande tou pou verifye revni ak byen aplikan an, tankou relve bank, fich peman, ak dokiman ki montre acha oswa vant byen ki fèt resamman. [68]

---

[65] LWA ETA FLORID § 409.985(3), § 409.983(4).

[66] MANYÈL EMS, *supra* nòt 54, at 19–20.

[67] *Id.* a 17.

[68] *Detay sou Medikèd,* DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORID , MyACCESS, https://myaccess.myflfamilies.com/Help/HCPDE?identity=medical; *gade tou* DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORID, MANYÈL SOU POLITIK PWOGRAM NAN 1600 BYEN (MFAM/MSSI), § 1640.0000, https://ffic.myflfamilies.com/manual/1630.pdf; DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORID, MANYÈL SOU POLITIK PWOGRAM NAN 1800 REVNI (MFAM/MSSI), § 1840.0000,http://ffic.myflfamilies.com/manual/1830.pdf.

Konsèy pou Defansè yo:
Pa tann jiskaske yo fin jwenn tout verifikasyon elijiblite finansye yo anvan pou soumèt aplikasyon DCF ACCESS la. Malgre ke ADRC ka bay yon kopi papye aplikasyon ACCESS la, yo ankouraje moun k ap aplike yo pou yo soumèt aplikasyon yo atravè pòtal ACCESS sou entènèt la, pou yo ka pi fasil soumèt dokiman epi swiv pwosesis tretman dosye a.

SEKSYON SIS: KISA K AP PASE SI YO REFIZE OSWA RETADE APLIKASYON AN?

EVALYASYON INISYAL / RAN PRYORITE APRÈ YO SOTI SOU LIS DATANT LAN

Jan sa te diskite deja, apre yo fin retire yon moun sou lis datant lan, yo dwe detèmine ke li satisfè tou de egzijans elijiblite yo, medikal ak finansye. Si evalyasyon CARES la detèmine ke elijiblite medikal la pa satisfè, epi moun nan vle fè apèl, li ta dwe depoze yon demann apèl ni bay Ajans Medikèd ni bay Depatman Afè Granmoun Aje. [69]

Si yo jwenn moun nan pa elijib sou baz evalyasyon finansye DCF te fè a, DCF ap voye yon notifikasyon final sou aksyon ki te pran nan dosye a, epi aplikan an dwe depoze yon apèl nan biwo odyans DCF la.[70]

SEKSYON SÈT: ENKRIPSYON NAN PLAN AN

CHWAZI YON PLAN

Yon aplikan yo detèmine elijib epi ki enskri nan Waiver/Egzansyon LTC a dwe chwazi youn nan plan swen jere prive yo ("Plan") k ap opere nan rejyon kote aplikan an ap viv la.

---

[69] Aktyèlman pa gen okenn dispozisyon ni nan lejislasyon, ni nan règleman leta yo (ni nan Manyèl EMS la) ki adrese notifikasyon ak dwa pou fè apèl lè yo detèmine ke yon moun yo retire sou lis datant lan pa satisfè nivo swen ki obligatwa a. Kidonk, li ta saj pou depoze yon apèl ni bay DOEA ni bay Ajans Administrasyon Swen Sante (AHCA). Otè yo te mande klarifikasyon sou sijè sa a

[70] LWA ETA FLORID § 409.285(1); *gade tou* DEPATMAN TIMOUN AK FANMI FLORID, *Kijan pou mande yo apèl pou pwogram Asistans Piblik*, https://www.myflfamilies.com/about/office-inspector-general/appeal-hearings/how-request-public-assistance-hearing; FLA. HEALTH JUSTICE PROJECT, FLORIDA MEDICAID APPEALS TOOLKIT (Apr. 2024), https://floridahealthjustice.org/publications/florida-medicaid-appeals-toolkit/.

Depi apre pwosesis renegosyasyon kontra jesyon swen Medikèd Eta Florid la (SMMC) an 2018, pa genyen yon plan swen alontèm (LTC) ki fonksyone poukont yo ankò. Eta Florid te finalize dezyèm pwosesis renegosyasyon kontra pou plan sante ak plan dantè yo an 2024, epi li te mete an aplikasyon pwogram SMMC 3.0 ansanm ak nouvo kontra yo an fevriye 2025. Kontra sa yo ap an vigè jiska 2030. Moun k ap resevwa Medikèd ki elijib pou sèvis swen alontèm (LTC) dwe chwazi yon Plan Comprehensive Plus oswa yon Plan Select Comprehensive nan rejyon kote yo ap viv la. Moun ki elijib pou tou de pwogram yo MMA ak LTC dwe chwazi yon sèl plan sante pou tout sèvis yo bezwen. [71]

Plan Select Comprehensive yo bay sèvis Asistans Medikal Jere (MMA) ansanm ak sèvis swen alontèm (LTC) sèlman pou moun ki enskri nan pwogram LTC yo. Plan sa yo pa ka sèvi moun ki elijib sèlman pou MMA regilye a, epi yo pa ofri pwodwi espesyalize pou popilasyon espesyal yo (tankou moun ki gen HIV/SIDA, maladi mantal grav, oswa moun ki nan sistèm pwoteksyon timoun). Plan Comprehensive Plus yo bay sèvis MMA ak LTC ansanm epitou li bay pwodwi espesyalize pou moun ki elijib yo. [72]

AHCA pibliye yon bwochi enfòmasyon ki rele "Snapshot" pou tou de pwogram swen jere yo LTC ak MMA. Bwochi sa a eksplike diferan kalite plan ki genyen yo, rejyon yo, ak plan ki disponib nan chak rejyon. [73]

Chak grenn nan nèf rejyon Florid yo (Aktyèlman A–I, anvan 1–11), dwe gen omwen de plan swen jere kote yon moun ka chwazi younn ladan yo pou resevwa sèvis swen alontèm. Lis plan ki disponib nan chak rejyon disponib sou entènèt la oswa nan biwo lokal ADRC an.[74]

Lè y ap chwazi yon plan, moun ki enskri yo dwe vizite sit entènèt Medikèd Swen Jere Eta Florid la nan oswa rele 1-877-711-3662 pou pale ak yon konseye. Moun ki enskri a ka pale tou ak yon konseye sou entènèt la atravè fonksyon chat la, atravè

---

[71] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE, Apèsi sou Medikè Swen Jere Eta Florid 3.0, nan paj 2, 44, https://ahca.myflorida.com/content/download/25090/file/Statewide%20Medicaid%20Managed%20Care%20Full%20Deck_05212025%20.pdf.

[72] *Sous.* a 41.

[73] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE, Yon Apèsi sou Medikèd Swen Jere Eta Florid la 3.0, https://ahca.myflorida.com/content/download/25049/file/SMMC_Snapshot.pdf; *gade tou* Apèsi sou Medikèd Swen Jere Eta Florid la 3.0, supra nòt 71, nan paj 39, 41, ak 43

[74] *Gade an jeneral* SANT RESOUS POU GRANMOUN AJE AK ANDIKAPE (ADRC) yo, *supra* note 36 (pou lis ADRC yo ak enfòmasyon kontak yo).

Pòtal pou Manm Medikèd Florid osinon tou mande pou yon konseye vin rankontre avèk yo lakay yo.

Inisyalman moun ki anwole yo, AHCA ap mete yo otomatikman nan yon Plan. Ajans lan ka sèlman mete yon moun nan yon Plan ki satisfè oswa depase estanda pèfòmans yo, epi li dwe pran an konsiderasyon plizyè faktè, tankou kapasite rezo founisè yo, relasyon anvan ki te genyen ant moun k ap resevwa sèvis la ak founisè a, epi ak aksè jeyografik.[75]

Lè ajans lan anwole yon moun otomatikman nan yon plan, li itilize yon pwosesis ki bay priyorite a: yon relasyon ki deja egziste ak yon Plan ki bay swen pou Bezwen Espesyal oswa yon lòt plan Medicare Advantage, yon relasyon ki deja egziste ak yon plan Asistans Medikal Jere (MMA), manm fanmi ki nan menm dosye a, oswa, si okenn nan sa yo pa aplike, yon pwosesis deziyasyon ki fèt tankou yon tiraj osò yo rele (round-robin).[76]

Apre w fin chwazi yon Plan (oswa apre yo fin mete w nan youn), Plan an ap fè yon visit inisyal. Egzijans pou premye vizit sa a detaye nan Kontra ki egziste ant AHCA ak Plan LTC yo, epi li enkli: eksplike dwa ak responsablite moun ki anwole a, ansanm ak finalize plan swen an.[77].

SEKSYON UIT: CHANJE PLAN / DEZANWOLE (SÒTI NAN PLAN AN)

Moun k ap resevwa sèvis yo ka mande pou yo sòti nan plan an (dezanwole) nenpòt ki lè, swa atravè yon demann alekri oswa yon demann oral bay AHCA. Yo pèmèt moun dezanwole pou nenpòt rezon pandan premye 120 jou apre dat enskripsyon nan yon Plan an te vin an vigè.[78]

Apre 120 jou yo fin pase, moun k ap resevwa sèvis yo ka chanje Plan sèlman si gen yon “bon rezon” oswa pandan peryòd enskripsyon ouvè anyèl la ki dire 60 jou.

---

[75] LWA ETA FLORID § 409.984(1)(2). Malgre lwa Florid la endike ke moun ki enskri yo y ap anwole yo otomatikman nan yon Plan si yo pa chwazi yon Plan, otè Gid sa a remake ke gen ka kote moun yo te anwole otomatikman nan yon Plan anvan menm yo te resevwa avi pou chwazi yon Plan. Moun sa yo ka toujou chanje Plan yo anvan dat enskripsyon an vin anvigè oswa nan 120 jou apre dat sa a. Gade Demann Renouvèlman 1915(B) AHCA 2021 ki Apwouve a, supra nòt 13, nan paj 31–32. 32.

[76] Demann an 2025 AHCA fè pou yon Amannman nan yon Waiver HCBS §1915(B), *supra* note 20, nan paj 35.

[77] Kontra Modèl AHCA, Atachman II, Dokiman II-B, supra nòt 27, § V.E.3., nan paj 14–15.

[78] Demann AHCA 2025 pou yon Amannman nan yon Waiver/Egzansyon HCBS §1915(B), *supra* note 20, nan paj 34. Nòt: Aplikasyon ki apwouve a endike ke Ajans Medikèd Florid la (AHCA) bay benefisyè yo 120 jou pou yo dezanwole nan yon Plan pou nenpòt ki rezon, malgre lefèt ke lwa Florid la ak règleman federal yo presize yon peryòd 90 jou.

Pou chanje Plan yo, benefisyè sèvis yo ka pale ak yon konseye nan 1-877-711-3662 oswa mande chanjman an atravè Pòtal pou Manm Medikèd Florid la.[79]

"BON REZON/ MOTIF VALAB"

Dapre règleman aktyèl eta a, motif valab ki konstitye yon bon rezon pou sòti nan yon Plan (dezanwole) san anwole a pa gen okenn obligasyon pou l chèche yon rezolisyon toudabò atravè yon pwosesis entèn Plan an met anplas pou moun pot plent ki enkli bagay sa yo, men l pa limite ak yo sèlmam :

- Plan an, pou rezon moral oswa relijye, pa kouvri sèvis moun ki anwole a ap chèche a.
- Moun ki anwole a ta oblije chanje founisè rezidansyèl oswa enstitisyonèl li, Paske founisè a chanje estati, li pa nan rezo Plan an ankò.
- Enskripsyon an te fèt nan fwòd.

Eleman ki vin annapre yo konstitye motif valab pou yon moun sòti nan Plan an; sepandan, moun ki anwole a dwe an premye chèche yon rezolisyon ak Plan an, sof si yo pretann gen yon risk imedya pou domaj pèmanan nan sante moun nan:

- Moun ki enskri a bezwen plizyè sèvis konkouran, men se pa tout sèvis yo ki disponib nan rezo Plan an, epi swa PCP a (doktè jeneralis) oswa yon lòt founisè detèmine lefèt l ap resevwa sèvis yo separemen ka ekpoze moun nan ak yon risk initil
- Move kalite swen.
- Mank aksè a sèvis ki kouvri anba Kontra a, enkli sèvis espesyalize ki medikalman nesesè.
- Mank aksè a founisè ki gen eksperyans pou jere bezwen swen sante moun ki anwole a
- Moun ki enskri a te sibi yon reta oswa yon refi sèvis ki pa rezonab.[80]

---

[79] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE, Anwolman *nan yon Plan Swen*, SWEN JERE MEDIKÈD NAN TOUT ETA A, https://www.flmedicaidmanagedcare.com/health/enroll.

[80] KÒD ADMINISTRATIF FLORID 59G-8.600(3); Demann an 2025 AHCA fè pou yon Amannman nan yon Waiver/Egzansyon HCBS §1915(B), *supra* note 20, nan paj 35–37; 42 C.F.R. § 438.56; gade tou Lwa Eta Florid § 409.969(2) (ki prevwa ke "Ajans lan ka egzije yon benefisyè pou itilize pwosesis plent plan an met anplas anvan ajans lan pran yon desizyon pou yon motif valab …"). AHCA te mete egzijans sa a an aplikasyon nan Kòd Administratif Florid. 59G-8.600(3)(b) a.

SEKSYON NÈF: PLANIFIKASYON SWEN

PREMYE KONTAK

Yon fwa moun nan anwole, Plan an dwe fè yon vizit fas-a-fas (an pèsòn) ak moun ki enskri a nan senk (5) jou ouvrab ki vin apre dat enskripsyon an vin an vigè.[81]

Revizyon Manyèl la

Pandan premye vizit fas-a-fas la, reprezantan Plan an ap bay moun ki anwole a kat idantifikasyon Plan an, yon lis founisè, ak yon manyèl pou moun ki enskri yo.[82]

Dapre règleman federal yo, Ajans Medikèd Eta a te devlope yon model manyèl pou anwole ki adrese dispozisyon yo ki enkli, men ki pa limite a, sa ki liste pi ba yo:

- Sèvis yo (yo rele yo tou "benefis") ke MCO a bay, ki enkli ki kantite sèvis ak ki dire tan pou yo bay sèvis sa yo;
- Kijan pou jwenn sèvis MCO a bay yo, ki enkli tout pwosedi ki nesesè pou jwenn otorizasyon pou yon sèvis ki preskri;
- Kijan ak ki kote pou jwenn sèvis Leta bay yo;
- Kijan pou jwenn sèvis transpòtasyon;
- Ki kalite sèvis ijans yo bay epi kijan pou jwenn sèvis sa yo ;
- Enfòmasyon sou ki founisè ou ka vizite, ki enkli si ak ki lè ou ka al lakay yon founisè ki pa nan rezo MCO w la (mo "rezo" a refere a founisè ki siyen kontra ak MCO a pou bay sèvis ak moun ki anwole nan MCO a) ;
- Pwosesis pou depoze plent lè w pa satisfè ak MCO w la ;
- Diferans ki genyen ant yon plent ak yon apèl;
- Pwosesis pou depoze yon apèl lè w pa dakò ak yon desizyon MCO a pran pou refize, diminye, oswa sispann yon sèvis, ansanm ak kondisyon yo (ak kèk

---

[81] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note -*27*, § V E.3.a., at 14–15.

[82] *Sous* § V E.3.b., nan paj 15; *gade tou* 42 C.F.R. 438.10(g) (ki egzije pou manyèl la eksplike eleman kle sou kijan pou itilize pwogram swen jere a avèk efikasite).

eksepsyon) ke w dwe toudabò adrese apèl la ak MCO a anvan w al depoze l devan Ajans Medikèd Eta a.

- Dwa w genyen pou kontinye resevwa sèvis pandan w ap tann rezilta yon apèl si yo diminye oswa sispann sèvis yo; epi
- Dwa pou genyen yon odyans jis bò kote Ajans Medikèd Florid la (AHCA) si MCO a pa akòde apèl ou a.[83]

Eksplikasyon pwosedi pou depoze plent ak apèl

Pandan premye vizit la, reprezantan Plan an dwe revize dwa ak responsablite moun ki enskri a, ki gen ladan pwosedi pou depoze yon plent, yon apèl, oswa yon Odyans ofisyèl pou Medikèd.[84]

Fè yon evalyasyon epi devlope yon plan swen

Finalman, Plan an oblije fè yon evalyasyon konplè epi devlope yon plan swen ki santre sou moun nan (jan sa diskite pi ba a) pandan premye rankont lan.[85]

PWOSESIS PLANIFIKASYON KI SANTRE SOU MOUN NAN

Apre plizyè ane kanpay ak mobilizasyon, an 2014 CMS te finalize règ ki detaye egzijans pou planifikasyon swen "ki santre sou moun nan" pou tout pwogram HCBS yo. [86]

Planifikasyon "ki santre sou moun nan" vle di ke se benefisyè an ki dwe vrèman dirije pwosesis la, nan tout mwayen ke sa posib. [87]

---

[83] 42 C.F.R. 438.10(g); AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE, MODÈL MANYÈL PLAN SANTE POU MOUN KI ANWOLE NAN PWOGRAM MMA AK LTC YO K AP RESEVWA BENEFIS , https://ahca.myflorida.com/content/download/25737/file/Attachment%202%20Health%20Enrollee%20Handbook%20Template.docx.

[84] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note -*27*, § V E.3.b.(3), paj 15.

[85] *Sous* V E.4., 5., paj 16–17.

[86] *Gade fason jeneral egzijans ki gen pou wè ak dispanse* Sèvis adomisil e ak Kominotè yo pou Kominote yo rele First Choice yo ak Sèvis Adomisil e ak Kominotè yo (HCBS), 79 Règleman Federal 2948, 303-31 (16 Janvye, 2014) (kodifye nan 42 C.F.R. § 441.301(c)).

[87] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note -*27*, § V E.5.a.(2)(a), paj 17.

Pwosesis la vize idantifye pwen fò, kapasite, preferans, bezwen, ak rezilta mezirab moun nan vle reyalize. Yo ankouraje patisipan yo pou yo pran desizyon ki konsène opsyon sèvis yo vle yp epi idantifye objektif pèsonèl yo. Yo dwe pèmèt patisipan tou pou l envite nenpòt moun li chwazi pou patisipe nan pwosesis la epi pou ba l èd ki nesesè oswa ke li swete a a.

PLAN SWEN KI SANTRE SOU MOUN NAN

Dapre pwosesis planifikasyon sa a, Plan yo oblije devlope yon plan sèvis ki santre sou moun nan.[89] Se toudabò yon dokiman alekri ki reflete bezwen medical ak bezwen sipò yo idantifye pandan pwosesis evalyasyon an, objektif ak sib ki santre sou moun nan, sèvis ak sipò (peye ak ki pa peye) ki pral ede moun ki enskri a reyalize objektif yo idantifye yo, ansanm ak founisè sèvis yo, ki enkli sipò natirèl yo.[90]

Anplis de sa, plan an dwe reflete faktè risk moun ki anwole a epi idantifye mezi ki an plas pou minimize yo, tankou plan sekou ak estrateji endividyalize lè sa nesesè. [91]

Sa ki enpòtan anpil, moun ki anwole a oswa reprezantan otorize li dwe endike si li dakò oswa si li pa dakò ak chak otorizasyon pou bay sèvis, epi li dwe revize epi siyen plan swen an lè yo devlope li okòmansman, pandan revizyon anyèl la, epi pou nenpòt chanjman k ap fèt nan sèvis yo.[92] Anplisdesa, tout moun ak tout founisè ki responsab pou met plan an an aplikasyon dwe siyen plan swen an. [93]

---

[88] 42 C.F.R. § 441.301(c)(1); MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note -27, § V E.5.a.(2)(c), paj 17.

[89] 42 C.F.R. § 441.301(c)(2).

[90] 42 C.F.R. § 441.301(c)(2); MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V E.5.b., paj 17–19.

[91] 42 CFR § 441.301(c)(2)(vi). *Gade tou* KONTRA MODÈL AHCA A ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V D. 2., paj 12–13 (diskisyon sou egzijans kontra a ki gen pou wè ak idantifye lakin nan sèvis yo); E.5.b.(2)(g), paj 18 (diskisyon sou egzijans kontra a ki gen pou wè ak plan ijans/plan sekou).

[92] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, nòt *supra*-27, § V E.5.b.(4), at 19; *gade tou* 42 C.F.R. § 441.301(c)(2)(ix), (c)(3).

[93] 42 C.F.R. § 441.301(c)(2)(ix) (egzije pou founisè ki responsab pou mete plan swen an an aplikasyon dwe siyen plan an); gade tou KONTRA MODÈL AHCA A ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V.E.5.b.(7), nan paj 19 (“Plan an dwe asire ke yo voye yon kopi plan swen an bay patisipan an nan dis (10) jou ouvrab apre devlopman inisyal la oswa nenpòt mizajou ki vin apre yo, bay founisè swen prensipal moun ki anwole a epi, si sa aplikab, bay etablisman kote patisipan an ap viv la.” Founisè

An rezime, Plan Swen an (oswa Plan pou Dispanse Swen an) se yon dokiman alekri ki esansyèl ki presize sèvis ak sipò yo dwe bay pou satisfè kapasite, bezwen, ak preferans moun ki anwole a, pa egzanp, pou li ka viv lakay li.[94]

Konsèy Pou Defansè yo:
Defansè yo ta dwe asire ke moun ki anwole yo resevwa yon kopi Plan Swen an ki klè epi lizib pou yo ka revize l anvan yo siyen l. Si yon moun ki enskri (oswa reprezantan otorize li) pa dakò ak nenpòt pati nan plan swen an epi efò pou rezoud pwoblèm nan ak jesyonè ka (case Manager) a echwe, yo ta dwe depoze yon apèl.[95] Sa enkli tou yon depandans ki pa apwopriye sou sipò natirèl (sa vle di, fanmi ak zanmi ki pa touche) pou bay swen ak sèvis yo.[96]

EVALYASYON SIPLEMATÈ

Nan kad evalyasyon konplè a, Plan yo oblije ranpli yon Evalyasyon Siplemantè

---

swen prensipal la dwe resevwa avi alekri sou ki moun pou l kontakte si gen kesyon konsènan si plan swen an adekwa").

[94] 42 CFR § 441.301(c)(2); MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V E.5.b., at 17–19.

[95] Langaj konsènan dwa pou resevwa avi alekri ak pou fè apèl kont Plan Swen an li menm pa totalman konsistan lè yo konpare Règ Waiver LTC a, Kontra aktyèl la, ak aplikasyon §1915(c) la. Kontra a egzije pou Plan Swen an gen yon endikasyon kote moun ki anwole a oswa reprezantan li endike si yo dakò oswa si yo pa dakò ak chak otorizasyon pou bay sèvis, epi pou yo revize epi siyen plan an. Gade MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27. Regilasyon pou Egzansyon /Waiver LTC a, *supra* note 28, egzije pou Plan Swen an revize ak moun ki anwole a epi pou li gen yon deklarasyon ki vin anvan siyati moun ki enskri a ki ateste ke plan swen an te diskite avèk li epi li dakò avè l, epi ke moun ki enskri a konprann li gen dwa mande yon Odyans Jis si yo refize oswa diminye sèvis yo." Amannman AHCA 2023 nan yon Waiver HCBS §1915(c), *supra* note 16, nan paj 179, prevwa san anbigwite dwa pou resevwa avi alekri ak pou fè apèl si moun ki enskri a vle konteste nenpòt pati nan plan swen an. *"Si moun ki anwole a pa dakò ak evalyasyon an ak/oswa otorizasyon plasman/sèvis yo (ki enkli kantite ak/oswa frekans yon sèvis), jesyonè ka a dwe bay patisipan an yon Avi Detèminasyon Benefis ki pa favorab alekri ki eksplike dwa moun ki anwole a genyen pou l mande yon apèl. Jesyonè ka a dwe ede moun ki anwole a ak pwosesis pou depoze apèl la."*

[96] 42 C.F.R. § 441.301(c)(2)(v) (souliye nati volontè sipò natirèl yo, antan ke sipò patisipan an resevwa san peye olye de sèvis ak sipò fòmèl Egzansyon/ Waiver HCBS bay yo).

LTC alekri, epi tout fòm ki ranpli yo dwe ret konsève nan dosye kliyan an.[97] Yon egzanp de fòm yo enkli nan Anèks la, Seksyon 4

Anplis de sa ki gen rapò ak kantite tan moun ki anwole a ka rete pou kont li san danje, evalyasyon an dwe enkli bagay sa yo ki liste pi ba yo konsènan sipò natirèl yo:

- Wòl chak sipò natirèl nan lavi chak jou moun ki anwole a;
- Responsablite chak sipò natirèl bay chak jou, ki enkli yon evalyasyon orè travay, lekòl, ak lòt obligasyon sipò a genyen, anplis de responsablite li genyen pou pran swen moun ki anwole a;
- Nivo estrès ak byennèt chak sipò natirèl, ki enkli tout limitasyon medikal oswa andikap sipò natirèl la ka genyen ki ta limite kapasite l pou patisipe nan swen moun ki anwole a (pa egzanp, restriksyon pou leve chay, twoub devlopman, repo obligatwa pandan gwosès, elatriye); epi
- Volonte sipò natirèl la genyen pou l patisipe nan swen moun ki anwole a.

Konsèy Pou Defansè yo:
Si w gen nenpòt dout konsènan sifizans sèvis ki otorize yo, mande yon kopi Evalyasyon Siplemantè LTC a nan men jesyonè ka a (case manager) oswa kowòdonatè plent ak apèl Plan an.

WÒL JESYON KA A

Yon Jesyon ka ki efikas se yon eleman esansyèl nan pwogram Egzansyon/ Waiver LTC a, epi Seksyon E nan Kontra a ("Kowòdinasyon Swen / Jesyon Ka") presize plizyè devwa ki gen pou wè ak jesyon ka ansanm ak delè pou repekte pou kontakte moun ki enskri yo. [98]

Pa egzanp, dwe gen yon vizit fas-a-fas ki fèt ak moun ki anwole a nan senk (5) jou ouvrab ki vin apre dat enskripsyon an te antre an vigè. Anplis de sa, jesyonè ka a

---

[97] RÈGLEMAN EGZANSYON/ WAIVER LTC, *supra* note 28, § 6.2.1, at 8.

[98] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V E., at 13-23; *gade tou* EQUEST DEMANN POU YON AMANNAN A EGZANSYON/ WAIVER §1915(C) POU SÈVIS SWEN ADOMISIL AK KOMINOTÈ YO, *supra* note 16, PAJ 177– 86; 42 C.F.R. § 438.208.

oblige rankontre ak moun ki anwole a oswa reprezantan otorize li omwen chak 90 jou (epi pi souvan si gen nenpòt chanjman enpòtan).[99]

Kontra ki te la anvan an te egzije pou Plan Swen Jere a fè yon swivi nan sèt (7) jou apre premye rankont ak moun ki anwole a pou asire ke sèvis yo presize nan plan swen an te vrèman kòmanse. Malerezman, egzijans espesifik sa a pa egziste ankò sou yon baz endividyèl. Olye de sa, kontra aktyèl la egzije ke Plan Swen Jere a dwe kòmanse bay sèvis pou tout sèvis HCBS adomisil yo, pou katrèvendis pousan (90%) popilasyon konsène a nan lespas sèt (7) jou apre premye vizit fas-a-fas la te fèt. Delè pou "kòmanse sèvis yo" kalkile apati de jou premye vizit fas-a-fas la te fèt jis pou rive nan jou kote tout sèvis ki apwouve yo te founi, oswa pou rive nan premye jou mwa enskripsyon inisyal la si vizit la te fèt sèt (7) jou oswa plis anvan. [100]

Jesyonè ka a responsab tou pou bay yon asistans kontinyèl, ki enkli idantifye pwoblèm ak baryè ki anpeche reyalizasyon objektif yo, epi dokimante aksyon ki pran pou rezoud pwoblèm yo pi vit posib. [101]

RE-EVALYASYON

Plan Swen Jere yo dwe fè yon re-evalyasyon anyèl sou plan swen moun ki anwole a pou detèmine si bezwen sèvis moun nan satisfè. Yo ka fè re-evalyasyon an pi souvan si gen bezwen. Plan an dwe fè yon re-evalyasyon an avèk èd fòmilè Ajans lan egzije yo ansanm ak fòm Evalyasyon Siplemantè plan LTC an devlope a. [102]

SÈVIS KI DIRIJE PA PATISIPAN AN

Pandan pwosesis planifikasyon swen an, moun ki anwole k ap viv lakay yo oswa lakay yon manm fanmi yo ka chwazi pou yo "oto jere" sèten sèvis egzansyon/ waiver, ki enkli sèvis pou granmoun adilt

---

[99] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V E.3.a., paj 14–15; 7.a., paj 21.

[100] *Sous* § V G.1.c., paj 23. Nòt**:** Gen toujou responsablit**e** legal si yo pa fè swivi a nan sèt (7) jou, dapre §XIII, LTC Domaj Likide, No. 10, nan paj 66.

[101] *Sous.* § V E.7.a., nan paj 21.

[102] *Sous.* § V E.4., nan paj16; Règleman Waiver/Egzansyon LTC, *supra* note 28, § 6.2.1, nan paj 8. Yon egzanp Fòm Evalyasyon Siplemantè enkli kòm Anèks Atik 4

konpayon, moun ki asiste nan fè travay kay (homemaker), asistan ki bay swen/ enfimyè prive), swen enfimyè entèmitan ak espesyalize, ak swen pèsonèl.

Patisipan ki chwazi pou jere yo menm sèvis sa yo vin responsab pou fòme travayè yo, fikse orè travay yo, epi soumete fich prezans yo (timesheets) bay Plan an.[103] Sepandan, yo pa fikse to peman an.

Aplikasyon pou egzansyon/waiver 1915(c) Florid la te reflete objektif Eta a konsènan kantite patisipan ki chwazi "oto jere", kòmanse ak 10,511 nan Ane 1 epi ogmante rive 11,599 nan Ane 5 egzansyon/waiver a.[104]

SEKSYON DIS: KI SÈVIS KI KOUVRI?

Lejislati Florid la te presize sèvis minimòm ke Plan LTC yo dwe bay. Kontra eta a egzije tou ke Plan MCO yo enkli kat (4) sèvis anplis: swen konpayon pou granmoun; asistan pou bay swen enfimyè (attendant nursing care); asistan pou ede bay swen; ak moun ki fè travay kay (homemaker).[105]

Yon lis konplè sèvis yo enkli nan Anèks la kòm Atik 2, epi chak sèvis dekri anbrèf tou nan Règleman LTC a.[106]

Plan yo dwe ofri tout sèvis ki nan lis la. Okenn nan sèvis sa yo pa gen limit oswa plafon, apa egzijans ke sèvis la dwe "medikalman nesesè."

SEKSYON ONZ: KI LÈ SÈVIS KI KOUVRI YO DWE BAY?

Nesesite Medikal

Pou detèmine si yo dwe bay yon benefisyè endividyèl yon sèvis ki kouvri, ki enkli kantite sèvis la (pa egzanp, fizyoterapi de fwa pa semèn), sèvis la dwe "medikalman nesesè." Sepandan, pa gen okenn definisyon de "nesesite medikal" nan lwa federal la pou adilt, ki enkli sèvis HCBS yo. Olye de sa, règleman federal ki aplikab la senpleman prevwa ke sèvis la dwe ase an tèm de "kantite, dire tan, ak dimansyon ki rezonab pou

---

[103] 2023 AHCA DEMANN POU YON AMANNMAN NAN YON WAIVER/EGZANSYON POU SÈVIS ADOMISIL AK KOMINOTÈ, §1915(C) *SUPRA* NOTE 16, NAN PAJ 209.

[104] *Menm Sous.* Nan Paj 215.

[105] LAW ETA FLORID § 409.98; MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V A.2., Tablo 1, nan paj 8–9.

[106] RÈGLEMAN WAIVER/EGZANSYON LTC, *supra* note 28, § 4.2, nan paj 4–8.

pou reyalize objektif li, [107] epi eta yo gen yon gwo fleksibilite pou fikse estanda ki gen rapò ak kantite, dire tan, ak dimansyon sèvis yo. [108]

Apre yon litij, [109] Waiver/Egzansyon LTC Florid la kounye a gen de (2) estanda pou detèmine "nesesite medikal"—yonn pou sèvis HCBS, epi yon lòt pou "sèvis ki miks". [110] Estanda "sèvis miks" la aplike tou pou tout lòt sèvis ki kouvri anba pwogram Medikèd la, pa egzanp, ospitalizasyon. Tou de estanda yo prezante nan bwat ki anba yo.

Definisyon Nesesite Medikal pou HCBS[111]

1. Dwe adapte a chak moun, dwe presi, epi dwe konsistan ak sentòm yo oswa ak dyagnostik ki konfime maladi an oswa blesi k ap trete a, san li pa depase bezwen pasyan an;
2. Dwe reflete nivo sèvis ki ka bay san danje, epi pou ki pa gen okenn lòt tretman ki efikas menm jan an, ki pi konsèvatif oswa ki koute mwens, ki disponib atravè tout Eta a;
3. Dwe bay nan yon fason ki pa fèt prensipalman pou konvenyans moun k ap resevwa sèvis la, moun k ap pran swen paysan an, oswa founisè a;
4. Epi, dwe satisfè youn nan kondisyon ki annapre sa yo:

- Pèmèt moun ki anwole a kenbe oswa reprann kapasite fonksyonèl li; oswa
- Pèmèt moun ki anwole a gen aksè ak benefis lavi nan kominote a, reyalize objektif ki santre sou moun nan, epi viv ak travay nan anviwònman li chwazi a.

---

[107] 42 C.F.R. § 440.230(b).

[108] *Gade Alexander v. Choate, 469 U.S. 287 (1985)* (desizyon ki etabli ke Tennessee te kapab, "nan fason rezonab," limite kouvèti jou ospitalizasyon pa ane a 11 jou pa an); Curtis v. Taylor, 648 F.2d 946 (5yèm Awondisman, 1980) (desizyon ki etabli ke règleman Florid ki limite vizit kay doktè a 3 vizit pa mwa pa t vyole lwa federal Medikèd la).

[109] *Parrales et al. v. Dudek,* No. 4:15-cv-424-RH/CAS, 2015 WL 13373978 (Distrik Nò Florid, 2015) (afè ki te mennen Florid chanje règleman sou definisyon pou sèvis sipò LTC yo apre yon akò ant pati yo, nan kad yon aksyon kolektif atravè tout Eta a, ki te depoze nan non tout benefisyè ki te anwole nan pwogram waiver/egzansyon LTC a epi ki pa t kapab jwenn sèvis ki nesesè yo).

[110] Règleman Waiver/Egzansyon LTC a defini "sèvis miks" kòm sèvis "ki kouvri ni nan pwogram LTC a ni nan pwogram Managed Medical Assistance (MMA) a. Lè sèvis sa yo kouvri pa tou de plan LTC ak plan MMA pou moun ki anwole a, responsablite pou sèvis yo tonbe sou plan LTC a." *LTC WAIVER RULE*,, *supra* note 28, § 1.3.15, at 3.

[111] RÈGLEMAN WAIVER/EGZANSYON LTC, *supra* note 28, § 1.3.14, nan paj 2–3.

Definisyon Jeneral de sa yo rele Nesesite Medikal nan Florid , enkli pou "Sèvis Melanje" [112]
"Medikalman Nesesè" oswa "Nesesite medikal" vle di ke swen medikal oswaparamedikal , byen, oswa sèvis yo bay oswa yo preskri yo dwe satisfè tout kondisyon sa yo: 1) Dwe nesesè pou pwoteje lavi, prevni yon maladi grav oswa yon andikap grav, oswa pou soulaje doulè sevè; 2) Dwe adapte a chak moun, dwe presi, epi dwe konsistan ak sentòm yo oswa ak dyagnostik ki konfime maladi a oswa blesi k ap trete a, san li pa depase bezwen pasyan an; 3) Dwe an akò ak estanda medikal pwofesyonèl ki jeneralman aksepte yo, jan pwogram Medikèd la detèmine yo, epi li pa dwe eksperimantal ni anba ankèt; 4) Dwe reflete yon nivo sèvis ki ka bay san danje, epi pou ki pa gen okenn lòt tretman ki egalman efikas, ki pi konsèvatif oswa ki koute mwens, ki disponib atravè tout Eta a; epi 5) Dwe bay nan yon fason ki pa fèt prensipalman pou konvenyans moun k ap resevwa sèvis la, moun k ap pran swen pasyan an, oswa founisè a.

Daprè vèsyon règleman revize konsènan "Sèvis Sipò Admosil ak Kominotè yo " (Home and Community-Based, Supportive Services), tankou swen konpayon pou adilt, sèvis gadri pou adilt, ak sèvis asistans menaje nan kay, nosyon "nesesite medikal" la defini nan yon fason ki pi laj, pou yo ka rekonèt itilizasyon sèvis yo pou reponn ak bezwen fonksyonèl epi pou fasilite moun gen aksè ak lavi kominotè a.

Pou "sèvis miks" (ki gen ladan yo tout kalite swen enfimyè, swen pèsonèl, ak tout kalite terapi), definisyon tradisyonèl nesesite medikal la kontinye aplike san chanjman.

Lòt Kritè Kouvèti

Règleman Waiver/Egzansyon LTC a kòmanse ak yon deklarasyon sou objektif jeneral pwogram nan, sètadi ke plan MCO yo dwe bay yon seri sèvis ki fèt adomisil ak nan nivo kominotè ki pou pèmèt benefisyè yo viv nan kominote yo epi evite yo mete yo nan enstitisyon."[113]

---

[112] KÒD ADMINISTRATIF FLORID 59G-1.010, *Règ sou Definisyon yo,* § 2.83, paj 7. Nòt: Premye kondisyon an aplike sèlman pou moun k ap resevwa sèvis ki gen 21 an oswa plis.

[113] RÈGLEMAN WAIVER/EGZANSYON LTC, *supra* note 28, § 1.1, at 1.

Objektif sa a reflete nan kritè espesifik pou kouvèti, ki egzije pou plan yo kouvri sèvis ki "vize a pèmèt benefisyè a rete nan anviwònman ki pi apwopriye a epi ki gen mwens restriksyon posibla pou li," [114] ansanm ak egzijans pou yon "Evalyasyon Siplemantè." [115]

Jan sa te deja diskite a, Evalyasyon Siplemantè LTC a, yon faktè kle pou deside seri sèvis ki nesesè yo dwe mezire kantite tan yon moun ki anwole ka rete pou kont li san danje, epi kantite tan yon moun k ap bay swen volontè dispoze e kapab bay swen. Si moun ki anwole a pa janm ka rete pou kont li san danje, epi moun k ap bay swen an travay 40 èdtan pa semèn, yon otorizasyon ki bay sèlman 15 èdtan pa semèn swen dirèk ta dwe konteste.

An konsekans, anplis de egzijans Evalyasyon Siplemantè LTC a, Kontra a entèdi tou Plan yo pou yo iyore limit sistèm sipò natirèl benefisyè a. Pi presizeman, dispozisyon Kontra a sou "Otorizasyon Sèvis" yo presize ke Plan an "pa dwe refize otorizasyon pou bay yon sèvis sèlman paske yon moun k ap ede a ap travay oswa li pa kapab patisipe nan swen y ap bay benefisyè a akòz pwòp pwoblèm medikal, fizik, oswa mantal (kognitif) li." [116]

Kontra a egzije tou ke Plan yo "pa dwe refize sèvis ki nesesè medikalman, ki obligatwa pou pèmèt benefisyè a rete an sekirite nan kominote a, sou baz pri li koute. "[117]

SEKSYON DOUZ: KI ESTANDA YO POU AKSÈ AK POU KONTINWITE KOUVÈTI A?

ESTANDA AKSÈ RAPID

Pou asire ke Plan yo ofri yon aksè rapid ak sèvis yo, AHCA oblije etabli estanda rezo adeqwat pou Plan yo, tankou kantite founisè nan chak konte. [118] Egzijans sa yo, ansanm ak estanda pou tan deplasman, tabli nan kontra ki genyen ant chak Plan ak AHCA.

---

[114] *Sous.* § 4.2, paj 4.

[115] *Sous*. § 6.2.1, paj 8.

[116] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V G.1.h. nan paj 24.

[117] *Sous.* § V G.1.i., paj 24.

[118] Lwa Eta Florid § 409.982(4); 42 C.F.R. § 438.68.

Pou pifò benefis LTC yo, Kontra ant AHCA ak Plan LTC yo egzije pou Plan yo gen omwen de (2) founisè nan chak konte.[119] Pou sèvis kote benefisyè a deplase pou ale lakay founisè a—tankou gadri pou adilt oswa terapi (fizik, okipasyonèl, respiratwa)—dire trajè maksimòm lan se 30 minit nan konte iben yo epi 60 minit nan konte riral yo.[120] Kidonk, si yon moun nan Konte Miami-Dade bezwen terapi fizik twa fwa pa semèn epi trajè pou rive kay yon founisè ki nan rezo a se inèdtan, Plan an vyole estanda sa a. Si pwoblèm nan pa ka rezoud, moun k ap resevwa sèvis la gen yon baz rezonab pou l soti nan plan an (disenrollment). Gade Seksyon Uit, pi wo a.

Kontra Debaz ki gouvène plan MMA yo, Comprehensive Plus, ak Select Comprehensive egzije tou pou Plan yo gen ase kontra ak founisè pou asire ke sèvis ki nesesè medikalman ka bay ak yon "rapidite rezonab", jan sa prevwa nan Lwa Medikèd la.[121]

KOWÒDINASYON SWEN AK KONTINWITE

Kontra LTC Florid la egzije pou MCO a gen yon pwosesis pou "rapòte imedyatman nenpòt entèripsyon sèvis ki pa t planifye." Nan kad pwosesis sa a, Plan an dwe prepare yon "Plan Kontenjans ak Plan Sekou oka gen Entèripsyon Sèvis" pou benefisyè yo ki resevwa sèvis lakay yo. Yon "entèripsyon" ka vle ddi diferanski genyen ant kantite èdtan plan swen an mande ak kantite èdtan sèvis ki aktyèlman bay. [122]

---

[119] MODÈL KONTRA AHCA ANÈKS II DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § VII C.4., Tablo 2, paj 30–32.

[120] *Sous gade tou* 42 C.F.R. § 438.206.

[121] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE (AHCA), MODÈL KONTRA PLAN SANTE 2025–2030, ANNÈKS II – DISPOZISYON DEBAZ KONTRA A, § VII A.1.d., paj 86,, https://ahca.myflorida.com/content/download/27248/file/Attachment%20II-%20-%20Core%20Contract%20Provisions%20Oct%202025.pdf [apre sa yo rele li MODÈL KONTRA ANÈKS II AHCA] (ki site egzijans "rapidite rezonab" ki nan lwa federal Medikèd la nan 42 U.S.C. § 1396a(a)(8)). Nòt: Kontrèman ak estanda tan pou detèmine kalifikasyon ki se (45 jou pou kalifikasyon ki pa depann de yon evalyasyon ki baze sou yon andikap, epi 90 jou pou detèminasyon ki baze sou andikap), lwa federal la pa bay estanda nimerik pou defini sa ki konstitiye "rapidite rezonab" pou sèvis yo. Se poutèt sa, te gen konfli sou sa ki konsidere kòm "rezonabman alè" pou diferan kalite sèvis. Gade, pa egzanp, *Doe 1–3 ex rel. Doe Sr. 1–13 v. Chiles*, 136 F.3d 709 (11yèm Awondisman, 1998) (ki te deside ke dispozisyon sou rapidite rezonab nan § 1396a(a)(8) la aplikab pa tribinal, epi ki egzije Leta a dwe etabli yon tan lis dantant ki rezonab, ki pa dwe depase 90 jou pou moun ki kalifye pou swen IXCF/MR).

[122] MODÈL KONTRA ANÈKS II AHCA DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V D.2., paj 12–13 ; *gade tou 42* C.F.R. § 438.208(b) (règleman federal 2016 yo, ki te elaji pou asire ke moun ki enskri yo gen aksè kontinyèl ak tout sous swen ki apwopriye yo, ki gen ladan l LTSS).

Plan kontenjans lan dwe enfòme benefisyè a (oswa reprezantan otorize li) sou resous ki disponib yo, enkli founisè sèvis relèv yo (on-call back-up service providers) ak "sistèm sipò enfòmèl benefisyè a genyen", anka ta gen yon entèripsyon sèvis ki pa t previzib, tankou yon founisè sèvis tonbe malad oswa gen yon pwoblèm transpò.

"Sistèm sipò enfòmèl la" pa dwe sèvi kòm "sous prensipal" pou adrese yon entèripsyon sèvis, sof si se chwa benefisyè a. Òganizasyon Swen Jere a (MCO) dwe asire ke li bay sèvis ranplasman nan yon delè twa (3) èdtan. MCO a dwe diskite plan kontenjans lan ak benefisyè a, ba li oswa reprezantan l yon kopi plan an, epi asire plan an mete ajou chak trimès. [123]

Plan Swen Alontèm (LTC plans) yo oblije gen ladan yo tou "pwosedi distenk" nan Pwogram Jesyon Itilizasyon yo an, tankou "pwotokòl pou asire pa gen okenn entèripsyon nan otorizasyon sèvis pou benefisyè ki bezwen sèvis kontinyèl yo." [124]

Konsèy Pou Defansè yo:
Dapre Kontra a, plan swen jere a dwe asire ke sèvis disponib pou konble entèripsyon yo bay nan yon delè twa (3) èdtan. Si Òganizasyon Swen Jere a (MCO) pa kapab jwenn yon asistan atravè founisè sèvis ki sou kontra a, benefisyè a gen dwa jwenn yon asistan nan men yon lòt founisè sèvis.

Anplis de sa, pou Garanti ke benfisyè yo pa sibi entèripsyon nan sèvis swen alontèm (LTC) ki esansyèl yo, Plan yo oblije otorize "terapi antretyen", sa vle di tretman ki bay sipò olye de tretman ki korije, epi ki anpeche kondisyon an vin pi mal, pou yon peryòd pa mwens pase sis (6) mwa. [125]

Pou sèvis ki gen dire pi kout yo, otorizasyon an dwe baze sou yon preskripsyon Doktè Swen Prensipal (PCP). Si pa gen okenn preskripsyon ki obligatwa, desizyon an dwe "sipòte pa kritè objektif ki baze sou prèv syantifik." [126]

---

[123] MODÈL KONTRA ANÈKS II AHCA DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V D.2.d. & i., nan paj 12–13.

[124] *Sous* § V G.2.f., nan paj 25.

[125] RÈGLEMAN WAIVER/EGZANSYON LTC, *supra* note 28, § 1.3.12, paj 2; MODÈL KONTRA ANÈKS II AHCA DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V G.1.g.(1), nan paj 24.

[126] MODÈL KONTRA ANÈKS II AHCA DOKIMAN II-B, *supra* note 27, § V G.1.g.(2), nan paj 24.

Konsèy Pou Defansè yo:
Paske gen doktè ki ka pa okouran de politik “terapi antretyen” sa a, ni de posiblite yo genyen pou yo ekri preskripsyon pou omwen sis (6) mwa pou kondisyon kwonik, li ka itil pou bay biwo doktè a yon kopi dispozisyon kontra sa a.

SEKSYON TRÈZ (13): KISA K AP RIVE SI YO REFIZE, RETADE, REDWI, OSWA SISPANN SÈVIS? [127]

DEPOZE YON PLENT BÒ KOT AHCA

Moun ki enskri yo ki gen difikilte pou jwenn aksè ak sèvis yo, oswa ki ap rankontre lòt pwoblèm ak Plan Swen Alontèm (LTC Plan) yo, ka depoze yon plent ofisyèl bay AHCA. Anplwaye ki resevwa fòmasyon egzamine plent sa yo epi reponn yo. Anplis de sa, AHCA idantifye pwoblèm ki ka endike defo sistemik. Pandan ke gen kèk pwoblèm ki pa ka rezoud atravè pòtal plent lan epi ki ka finalman mande yon odisyon fòmèl (fair hearing), pwosesis plent enfòmèl sa a pa pran anpil tan epi li ka mennen nan yon rezolisyon rapid.

- Ou ka depoze yon plent swa sou entènèt [128] osinon ou ka pale ak yon reprezantan Medikèd lè w rele gratis nan 1-877-254-1055.
- Pòtal AHCA sou entènèt la pèmèt moun depoze yon plent epi ret anonim si yo vle. Sepandan, si gen yon pwoblèm ki bezwen rezoud, moun k ap depoze plent lan dwe pare pou bay non l, ansanm ak yon adrès imèl oswa yon nimewo telefòn, epi bay dokiman ki pou fasilite kominikasyon ak pèsonèl AHCA a, tankou yon fòm pou deziyen yon reprezantan oswa yon otorizasyon HIPAA.

---

[127] MODÈL KONTRA ANÈKS II AHCA DOKIMAN II-B, *supra* note 121, § VI, nan paj 77–85 (ki montre ke pwosedi pou depose plent, apèl, ak Odyans ofisyèl , se menm pwosedi a ke yo itilize pou ni pou Plan Swen Alontèm (LTC) yo ni pou pou plan Asistans Medikal lEta ap jere a (MMA)).

[128] AJANS POU ADMINISTRASYON SWEN SANTE (AHCA), *Plent Medicaid Florid,* https://ahca.myflorida.com/Medicaid/complaints/; *gade tou* FLA. HEALTH JUSTICE PROJECT, KIJAN POU DEPÒZE YON PLENT KONSÈNAN YON PLAN SWEN JERE MEDICAID, http://floridahealthjustice.org/wp-content/uploads/2024/04/how_to_file_a_medicaid_managed_care_complaint_.pdf.

Ki diferans ki genyen ant yon plent ak yon apèl?

Chak Plan oblije gen yon pwosesis pou plent ak apèl ki konfòm ak règleman federal Medikèd sou swen jere. [129] Diferans prensipal ant yon plent/griyèf ak yon apèl se: pou apèl la ou antame pwosesis la lè gen yon "desizyon ki pa favorab ki pran pou benefis ou te aplike pou li" (adverse benefit determination – ABD), tandiske plent la menm,moun ki anwole depose l lè li pa satisfè ak Plan an. Pa egzanp, yon moun ki anwole ka depoze yon plent si yon founisè te trete l mal oswa avèk mank respè. [130]

Depoze epi rezoud yon plent oswa yon apèl avèk Plan an

Plent ak apèl yo ka depoze oralman oswa alekri; sepandan, si yon apèl depoze oralman, li ka nesesè pouf è yon swivi ak yon apèl alekri, ki siyen epi ki date, nan dis (10) jou, sof si se yon ka apèl ijan.[131] Pi bon pratik la se soumèt yon demann alekri bay Plan an. Manyèl benefisyè a dwe bay enstriksyon ak enfòmasyon nesesè pou depoze plent ak apèl.[132] Anplis de sa, nenpòt notifikasyon sou yon desizyon negatif sou benefis yon moun dwe gen ladan l enstriksyon sou kijan, ki kote, ak delè pou depoze yon apèl. (Gade diskisyon ki anba a.)

Plan an dwe bay yon avi alekri ki konfime li resevwa plent oswa apèl la nan yon delè senk (5) jou ouvrab. [133]

133

Apèl ijan/Akselere

Benefisyè yo gen dwa mande yon apèl ijan si rezolisyon dapre estanda pwosedi a "ta ka mete lavi benefisyè an danje grav, oswa sante fizik oswa mantal li, oswa kapasite l pou atenn, kenbe, oswa reprann fonksyonnman maksimòm li." [134]

---

[129] 42 C.F.R. §§ 438.228, 438.56(d)(5); *gade tou* KÒD ADMINISTRATIF FLORID LA 59G-8.600(3)(b).

[130] 42 CFR § 438.400(b); KÒD ADMINISTRATIF FLORID LA 59G-1.100(2)(b) (definisyon " Yon Desizyon ki pa favorab konsènan Benefis").

[131] Modèl Kontra Anèks II AHCA, *supra* note 121, § VI, F.1.a., nan paj 80; 42 C.F.R. § 438.406(b)(3).

[132] 42 C.F.R. § 438.10(g)(2)(xi).

[133] Modèl Kontra Anèks II AHCA, *supra* note 121, § VI, D.2. & F.1.c., nan paj 80–82; *gade tou* 42 C.F.R. § 438.406 (b)(1).

[134] 42 C.F.R. § 438.410(a); Modèl Kontra Anèks II AHCA, *supra* note 121, § VI, H.1., nan 82.

Konbyen delè yon moun genyen pou depoze epi rezoud plent ak apèl yo, epi ki avi ki obligatwa?

Delè pou depoze ak rezoud, ni pou Plan Swen Alontèm (LTC) ni pou Plan Asistans Medikal Jere (MMA), pi ba a:

- Plent/griyèf – Yo ka depoze yo nenpòt ki lè epi yo dwe pran yon desizyon nan yon delè katrevendis (90) jou. [135]

- Apèl estanda– Yo ka depoze yo oralman oswa alekri nan swasant (60) jou apati dat notifikasyon desizyon negatif pou aplikasyon yon benefis te emèt, epi yo dwe rezoud demann lan nan trant (30) jou. [136]

- Apèl ijan (Expedited appeals) – Yo dwe pou yo rezoud nan karantuit (48) èdtan apre plan swen jere a resevwa demann lan, kit li fèt oralman oswa alekri. [137] Plan an dwe bay benefisyè a yon avi oral anvan fen jounen an jou desizyon an pran, epi yon avi alekri nan de (2) jou sivil apre desizyon final la pran.[138]

Remake byen ke delè sa yo ka pwolonje si benefisyè a mande yon pwolongasyon. Sepandan, si se Plan an ki mande yon ekstansyon, Plan an dwe demontre bay l'Eta nesesite li genyen pou plis tan an epitou eksplike poukisa ekstansyon li mande an ta nan pi bon enterè benefisyè a.

Kijan pou asire kontinyasyon benefis yo?

Lè sèvis ki te deja otorize pou yon benefisyè siprime, sispann**,** oswa redwi**,** li gen dwa kontinye resevwa kouvèti sèvis medikal yo pandan l ap tann rezilta final apèl ak Odyans ofisyèl la. Enpòtans dwa sa a "asistans pandan apèl la an kou") pou moun ki gen ba revni te rekonèt pa Lakou Siprèm Etazini nan ka fondamantal Goldberg v. Kelly, 397 U.S. 254, 261 (1970)**.** An konsekans, sèvis yo dwe kontinye si tout kondisyon sa yo ranpli **:**

- Apèl la konsène sipresyon, sispansyon tanporè, oswa rediksyon yon sèvis ki te deja otorize;

- Sèvis yo te preskri pa yon founisè ki otorize;

- Peryòd ki te kouvri pa otorizasyon orijinal la poko ekspire; epi

---

[135] Modèl Kontra Anèks II AHCA, *supra* note 121, § VI, D.1. & 3., nan paj 78.

[136] *Sous* § VI, F.1.a., j., nan paj 80–82.

[137] *Sous* § VI, H.2., nan paj 82.

[138] *Sous* § VI, H.6., nan paj 83.

- Benefisyè a te depoze yon demann pou kontinyasyon benefis yo anvan oswa jou ki fè dis (10) jou kalandriye, apati dat Plan an bay avi desizyon negatif konsènan benefis yo. [139]

Si benefisyè a te kontinye ap resevwa sèvis epi, alafen, li pèdi apèl la, yo ka mande pou l remèt lajan sa te koute pou sèvis li te resevwa yo pandan dosye a te nan pwosesis apèl la. [140].

Konsèy Pou Defansè yo:
Pou asire ke sèvis yo kontinye, Plan an dwe resevwa apèl la nan dis (10) jou kalandriye apati de dat yo te voye avi desizyon negatif konsènan benefis yo. Si apèl la konfime sa vle di benefisyè pa genyen, lè sa a benefisyè a dwe depoze yon demann pou yon Odyans ofisyèl nan dis (10) jou kalandriye apati de dat yo te voye avi rezolisyon apèl la.[41] Demann pou sèvis yo kontinye dwe toujou fèt alekri.

Notifikasyon Sou Desizyon/Rezolisyon Apèl La

Plan an dwe voye yon notifikasyon alekri sou rezolisyon apèl la ki gen ladan l:

- Rezilta pwosesis rezolisyon an ak dat li fini; epi, si rezilta a pa totalman an favè benefisyè a, notifikasyon an dwe gen ladan l:
  - Enfòmasyon sou dwa moun nan pou l mande yon odyans fòmèl/ekitab ak kijan pou fè demann lan; epi
  - Enfòmasyon sou dwa moun nan genyen pou l mande pou benefis yo kontinye pandan l ap tann yon desizyon final. [142]

KISA KI YON DESIZYON KI PA FAVORAB/ NEGATIF KONSÈNAN BENEFIS (ABD)?

Desizyon negatif konsènan benefis yo enkli:

- Refi, rediksyon, sispansyon tanporè, sispansyon definitif, sipresyon, oswa reta nan bay yon sèvis ki te deja otorize;
- Refi oswa otorizasyon limite pou yon sèvis ki te mande a (pa egzanp: yo te preskri dezèdtan terapi òtofonik (langaj) pa semèn pandan 6 mwa, men Plan an apwouve inèdtan pa semèn pandan 1 mwa).

---

[139] *Sous* § VI, F.1.e., J.10., nan paj 81–84; 42 CFR 438.420.

[140] Modèl Kontra Anèks II AHCA, *supra* note 121, § VI, J.12., nan paj 84; 42 C.F.R. § 438.420(d).

[141] 42 CFR 438.420(a)(i) & (c)(2).

[142] 42 C.F.R. § 438.408(e); *gade tou Modèl Kontra Anèks II AHCA*, *supra* note 121, § VI, I., nan paj 83.

- Yo pa t bay sèvis la alè, jan Eta a defini lan; [143]
- Plan an pa aji nan delè obligatwa yo pou rezoud yon plent oswa yon apèl; epi
- Refize totalman oswa an pati, pou peye pou yon sèvis[144]

